

2024 - 2025 PARENT HANDBOOK



abc y

HEAD START &
CHILDREN'S SERVICES



Chè Paran ak Gadyen,

Byenvini nan ane lekòl 2024-2025 la nan Action for Boston Community Development, Inc. (ABCD) Head Start & Children's Services! Nan non tout pèsonèl nou an, mwen kontan paske w te chwazi pou antre nan pwogram nou an pou eksperyans gadri ak edikasyon prekòs pitit ou a. Ekip nou an devwe pou ede ou menm ak pitit ou a konstwi yon fondasyon edikatif, sosyal ak emosyonèl ki nesèsè pou reyisit nan lekòl ak nan lavi.

Nou pran angajman pou kenbe yon anviwonman sekirize pou timoun yo, fanmi yo, ak pèsonèl la nan respekte règleman ak direktiv Massachusetts Department of Early Education (EEC) and the Office of Head Start (OHS) (Depatman Edikasyon Prekòs (EEC) ak Biwo Head Start (OHS) Massachusetts). Nou ankouraje w revize manyèl sa a pou ka gen yon konpreyansyon konplè de pwogram nou an. Li sèvi kòm yon resous enpòtan pandan tout ane a, nan detaye filozofi nou, politik nou, pratik nou, apwòch nou nan aprantisaj, ak divès fason paran yo ka angaje nan pwogram nou an. Si w ta gen nenpòt kesyon ki pa adrese nan manyèl la, tanpri pa ezite mande nenpòt manm ekip la. Nou la pou ede w ak nenpòt enkyetid oswa pou klarifye enfòmasyon ki bay yo.

Angajman parantal se sa ki distenge ABCD Head Start & Children's Services de lòt pwogram edikatif pou timoun piti. Opinyon w nesèsè anpil pou kenbe pi bon kalite edikasyon ak swen prekòs. Nou envite w pwofite de yon pakèt opòtinite ke nou ofri, tankou reyinyon fanmi, atelye, sesyon fòmasyon, aktivite salklas, pwomnad, ak lòt evènman sant lan. Anplis, genyen anpil opòtinite atravè tout vil la tankou Konsèy Règleman Parantal la, Komite Konsiltatif Sèvis Sante (HSAC), avèk wòl nan sansibilizasyon ak rekritman pèsonèl ak fanmi yo. Si w enterese enplike, tanpri pale ak pèsonèl nan Sant ou an. Objektif nou se kolabore ak ou non sèlman pou sipòte devlopman pitit ou a men tou pou byennèt ak kwasans tout fanmi w.

Nou pa ka tann pou nou travay avèk ou menm ak pitit ou a pandan ane lekòl sa a.

Sensèman,

Flossy Calderón, Vice President
ABCD Head Start & Children's Services

Apèsi sou Action for Boston Community Development	4
Enfòmasyon Jeneral sou ABCD Head Start & Children's Services.....	5
Opsyon Gadri ak Edikasyon Timoun Piti ABCD	5
Kòmanse pwogram nan	7
Angajman Fanmi nan pwogram lan	8
• Paran Volontè	8
• Angajman Fanmi nan Gouvènans Pwogram	8
• Dwa ak Responsablite Paran/Gadyen	9
• Patenarya Pèsonèl /Paran	10
Wòl Pèsonèl la	12
Gadri ak Edikasyon Timoun yo: Tibebe, Timoun Piti ak Timoun Laj Preskolè	13
• Gid ak Disiplin.....	13
• Korikoulòm	14
• Konsepsyon ak Woutin/Orè Salklas.....	15
• Itilizasyon Mask/Kouvèti pou Figi	16
• Tan repo	16
• Ale nan Twalèt.....	16
• Bwose Dan	17
• Lave Men	17
Sèvis Sipò nan Devlopman Timoun	18
• Sèvi Timoun ki gen Bezwen Espesyal	19
Tranzisyon	20
Sekirite Timoun.....	21
Abi ak Neglijans anvè Timoun.....	23
Sante ak Nitrisyon Timoun	23
• Sante.....	23
• Restriksyon Sanitè	26
• Nitrisyon.....	29
• Imaj A: Kalandriye Vizit Medical/Egzamen Fizik pou Timoun.....	32
• Imaj B: Kalandriye Vaksinasyon Rekòmande pou Moun Laj 0-18 an	33
Règleman sou Administrasyon Medikaman.....	34
Lè nou Louvri.....	37
Règleman sou Depoze/Vin Chache.....	38
Sèvis Gadri, Frè Parantal ak Règleman sou Peman.....	40
Kalandriye 2023 - 2024	42
DEKLARASYON SOU NON-DISKRIMINASYON	44

APÈSI SOU ACTION FOR BOSTON COMMUNITY DEVELOPMENT

APÈSI AK SÈVIS

Action for Boston Community Development, Inc. (ABCD) se yon ajans anti-povrete ki ofri yon varyete sèvis baze nan katye ki fèt pou satisfè bezwen endividi ak fanmi tout laj.

PWOGRAM ABCD YO ENKLI:

- Early Education and Care: (Edikasyon ak Swen Prekòs) Head Start, Early Head Start, Childcare, Child Care Choices of Boston (resous ak referans konsènan bon pou gadri)
- Adult Education/Career Development: (Edikasyon pou Adilt/Devlopman Pwofesyonèl) Education and Training, Urban College of Boston: (Edikasyon ak Fòmasyon, Urban College of Boston) A Two Year College, ESOL classes (Yon kolèj de zan, klas ESOL)
- Elder Services Programs: (Pwogram Sèvis pou Granmoun Aje) Fanmi Akèy pou Granparan, Pwogram Sant pou Granmoun Aje
- Community Development: (Devlopman Kominotè:) Elder Affordable Housing, Energy Conservation (Lojman Abòdab pou Granmoun Aje, Konsèvasyon Enèji)
- Pwogram pou Jèn: University High School, William J. Ostiguy High School, Career Explorations, SummerWorks – Summer Youth Employment, YEA! – financial and civic education summer program for 13 year olds (Lekòl Segondè Inivèsite, Lekòl Segondè William J. Ostiguy, Eksplorasyon Karyè, SummerWorks – Travay pou Jèn pandan Ete, YEA! – pwogram ete edikasyon finansye ak sivik pou timoun 13 an yo)
- Sèvis Sante: Planing Familyal
- Sèvis Lojman: Pwogram Prevansyon pou Fenomèn Sanzabri, Rechèch Lojman, Sèvis Estabilizasyon, Prevansyon Sezi Kay
- Operasyon nan Katye: Pwogram Adopte-yon-Fanmi ak Jwèt Vakans, Preparasyon Taks ak èd EITC, Asistans nan kabiran, Gadmanje nan Ijans, Sèvis Imigrasyon, Asistans nan Aplike pou Benefis Piblik.

Pou plis enfòmasyon sou sèvis ak resous ABCD yo, tanpri kontakte ABCD Connect nan abcdconnect@bostonabcd.org, 617.348.6329 oswa vizite <https://bostonabcd.org/service/abcd-connect/>

Ou ka pale tou ak nenpòt pèsonèl pwogram lan, ki enkli Pòtpawòl Fanmi w lan pou jwenn enfòmasyon sou tout resous oswa sèvis ki entereze w.



ENFÒMASYON JENERAL SOU ABCD HEAD START & CHILDREN'S SERVICES

MISYON: ABCD Head Start & Children's Services, yon pwogram devlopman famiyal, angajman pou ofri opòtinite ak sèvis pou divès timoun ak fanmi ki gen revni fèb nan Boston ak zòn Mystic Valley a pou sipòte yo nan preparasyon pou lekòl, endepandans ak reyisit yo nan lavi.

DESKRIPSYON PWOGRAM: Sant ABCD Head Start & Children's Services yo se sant devlopman famiyal ki ofri opòtinite ak sèvis bay tout fanmi an ak nan tout aspè enpòtan nan devlopman ti anfans. Pwogram nou yo sèvi timoun depi nesans jiska laj senk an ak fanm ansent. Objektif nou se travay ak fanmi an pou asire ke chak timoun pare pou tranzisyon nan pwochen anviwònman edikatif la.

ANGAJMAN POU KALITE: Chak sant lisansye pa Depatman Early Education and Care Massachusetts la (EEC). Anpil sant te resevwa Akreditasyon Nasyonal nan men National Association for the Education of Young Children (Asosyasyon Nasyonal pou Edikasyon Jèn Timoun) (NAEYC). Tout sant yo patisipe nan Quality Rating Improvement System (QRIS) (sistèm amelyorasyon evalyasyon kalite) atravè EEC.

ADMISYON: ABCD Head Start & Children's Services pa fè diskriminasyon kont, ni bay okenn tretman preferansyèl, a okenn timoun oswa fanmi sou baz ras, relijyon, eritaj kiltirèl, kwayans politik, laj, sèks, orijin nasyonal, andikap, eta sivil oswa oryantasyon seksyèl.

Akseptasyon nan pwogram lan baze sou règleman kalifikasyon ki te devlope pa Administrasyon pou Timoun ak Fanmi pou tout plas nan Head Start ak Early Head Start ak Depatman Edikasyon ak Swen timoun Massachusetts pou tout plas gadri. Règleman elijiblite pou chak sant enkli laj yon timoun nan moman enskripsyon an, kondisyon revni ak rezidans.

Nan sikonstans espesyal, akseptasyon an kondisyon sou baz plasman apwopriye pou chak timoun. Pèsònèl pwogram lan ak paran yo travay ansanm pou idantifye akomodasyon espesifik, si genyen, ki nesèsè pou satisfè bezwen chak timoun. Yon fwa akomodasyon sa yo idantifye, pwogram/sant lan pral detèmine si akomodasyon ki nesèsè pou aksepte timoun ki gen bezwen espesyal yo rezonab epi/oswa si yo nan pi bon enterè timoun nan, pwogram lan, ak fanmi an. Sante ak sekirite timoun nan se faktè santral nan desizyon sa a.

PLAS NAN ABCD HEAD START AK EARLY HEAD START: Plas Early Head Start ak plas Head Start yo sèvi timoun soti nan nesans jiska laj 5 an. Plas sa yo finanse atravè gouvènman federal la epi yo se pou timoun ki satisfè egzijans nan laj, revni ak rezidans. Timoun yo pral resevwa yon kantite minimòm èdtan nan lekòl preskolè oswa gadri pou tibebe ak timoun piti. Fanmi yo pa peye pou pòsyon sa a nan jounen an.

PLAS POU FANM ANSENT: Fanm ansent resevwa vizit lakay, sipò, ak enfòmasyon nan men pèsònèl Early Head Start lakay yo ak pandan aktivite parantal mansyèl regilye nan sant lan. Sipò pral ofri nan yon fason ki pi byen adapte ak bezwen moun ki ansent yo, epi yo ka fèt pa mwayen vizit lakay, vizit an pèsòn, reyinyon telefonik oswa vityèl.

PLAS POU GADRI ABCD: Timoun ki gen laj 2 mwa jiska 5 an kapab jwenn aksè nan sèvis gadri nan plizyè sant. Sèvis jounen (ak ane) pwolonje sa yo finanse atravè Depatman Edikasyon ak Swen Timoun Piti Massachusetts la (EEC). Tipikman, yo ofri yo jiska 8 èdtan pa jou ak 12 mwa pa ane. Pou ka elijib pou plas sa yo, yon fanmi anjeneral dwe ranpli egzijans Head Start/Early Head Start yo ansanm ak egzijans etatik yo. Nan pifò ka yo, fanmi an pral peye yon frè parantal ki baze sou gwosè fanmi an ak revni fwaye a.

ENFÒMASYON JENERAL SOU ABCD HEAD START & CHILDREN'S SERVICES

Plas pou Gadri yo enkli:

Plas Kontra EEC: Plas sa yo anba kontra ak ABCD Head Start & Children's Services epi yo se pou fanmi ki elijib. Ou dwe sou Lis Datant Santralize EEC a epi ou dwe kontakte sant gadri ABCD a dirèkteman pou ka aprann plis sou fason pou jwenn aksè nan plas sa yo. Elijiblite a baze sou bezwen sèvis ak revni yon fanmi jan EEC detèmine li a. Frè parantal yo baze sou gwosè fanmi an ak revni fwaye a.

Plas Sipòtif pou DCF: Pou kalifye pou yon Plas Sipòtif, ou dwe gen yon dosye ouvè ak Depatman Timoun ak Fanmi an (DCF). Yon referans dwe soti nan men travayè DCF fanmi an dirèkteman bay sit gadri a.

Plas pou Sanzabri: Pou kalifye pou yon plas pou moun ki sanzabri, ou dwe gen yon referans sanzabri ki apwouve pa Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè Massachusetts la, Divizyon Estabilizasyon Lojman (DHCD). Frè pou paran yo baze sou gwosè ak revni fanmi an.

Plas pou Jèn Paran: Pou kalifye pou yon Plas pou Jèn Paran, ou dwe se yon paran ki gen mwens ke 24 an, epi satisfè egzijans ak direktiv Eta a. Frè parantal yo baze sou gwosè ak revni fanmi an.

Bon: ABCD Head Start & Children's Services aksepte bon pou gadri si gen plas nan sant lan. Bon yo bay selon disponiblite ak bezwen atravè Ajans Resous ak Referans tankou Child Care Choices of Boston (CCCB) ak Child Care Circuit. Frè parantal yo baze sou gwosè fanmi an ak revni fwaye a.

Pou plis enfòmasyon sou opsyon gadri tout jounen an nan Boston rele yon [pwogram lokal ABCD Head Start & Children's Services](#), Biwo Santral la nan 617.348.6388 oswa Child Care Choices of Boston (CCCB) nan 617.348.6641 pou enfòmasyon ak referans: TTY: 617.423.9215.

Pou plis enfòmasyon sou opsyon gadri tout jounen an nan Malden, Medford ak kominote alantou yo rele Malden Head Start nan 781.397.8071, Medford Head Start nan 781.874.1255, Biwo Santral la nan 617.348.6388 oswa Child Care Circuit nan 978.686.4288 pou enfòmasyon ak referans: Sèvis TTY: 711.

AJANS REGILASYON: Paran yo ka kontakte Department of Early Education and Care (EEC) pou jwenn enfòmasyon konsènan istorik konfòmite reglemantè yon sant baze sou lokasyon, Rejyon 6 (Boston) ak Rejyon 3 (Everett, Malden, Medford ak kominote alantou yo).

Biwo Metro Boston: 1250 Hancock Street – Suite 120-S, Quincy, MA 02169
Sèvi Boston Telefòn: 617.472.2881 | Faks: 617.472.2722

Biwo Northeast Lawrence: 360 Merrimack Street, Building 9 – 3rd Floor, Lawrence, MA 01843
Sè Everett, Malden, Medford ak kominote alantou yo Telefòn: 978.681.9684 | Faks: 978.689.7618

KÒMANSE PWOGRAM NAN

PRE-ENSKRIPSYON: Anvan premye jou lekòl la, fanmi yo ak timoun yo rankontre pèsònèl pwogram lan, pwofesè yo ak yon Pòtpawòl Fanmi ki pral eksplike sa ki pral fèt nan sant lan epi planifye pou peryòd enskrripsyon pitit yo a. Pandan vizit sa a, nan patenarya ak paran yo, pwofesè yo kolekte enfòmasyon sou enterè timoun nan, bezwen sante, pwen fò devlopman ak sosyal-emosyonèl li yo. Pèsònèl nan sèvis fanmi yo aprann konsènan objektif paran yo pou pèsònèl pwogram yo ka travay ak fanmi yo pou sipòte yo. Menm si vizit sa a dwe fèt lakay ou nan kèk sikonstans, vizit sa yo ka fèt nan yon espas sekirize ki jwenn akò paran/gadyen yo ak pèsònèl la.

ORYANTASYON PARAN: Chak paran oswa gadyen resevwa yon oryantasyon sou sant lan. Oryantasyon sa a enkli yon revizyon Manyèl Paran sa a ak règleman/pwosedi pwogram lan. Li bay fanmi yo tou yon opòtinite pou yo rankontre tout ekip ansèyman pitit yo a ak lòt pèsònèl pwogram lan. Oryantasyon an ofri yon apèsi sou filozofi pwogram lan, politik pwogram lan ak yon kalandriye jeneral sou sa ki pral fèt pandan ane pwogram k ap vini an.

ENSKRIPSYON: Timoun yo “entegre yo pwogresivman” nan salklas yo nan ale omwen yon jou ki pi kout, jeneralman ak yon ti gwoup timoun. Sa pèmèt timoun yo santi yo pi alèz anvan yo patisipe nan yon jounen konplè. Pou timoun ki patisipe nan Early Head Start yo, li tipikman sijere ke paran yo ak timoun yo entegre pwogresivman ansanm pandan yon peryòd de 2-3 jou.

PREZANS: Lè pitit ou a pa ale nan sant li chak jou, li rate bon jan kalite sèvis edikatif. Si w kenbe pitit ou a lakay ou pou nenpòt rezon, ou dwe notifiye Pòtpawòl Fanmi w lan nan maten anvan lekòl la kòmanse. Nou mande pou w bay notifikasyon ekri sou absans pwolonje planifye yo (tankou vakans). Tipikman, gen egzijans pou prezans minimòm pou Sèvis Gadri.

ANGAJMAN FANMI NAN PWOGRAM LAN

Rechèch montre ke lè paran yo angaje nan lavi ak edikasyon pitit yo, li benefisye alafwa paran an ansanm ak timoun nan kounye a ak alontèm. Baze sou kò rechèch rich sa a, nou konnen nou dwe konstwi patenarya ak paran yo ak fanmi yo nan chak sant nou yo. Nou ankouraje paran yo pou yo patisipe nan tout aspè pwogram lan nan patisipe nan salklas la oswa nan aktivite sant yo, yo patisipe nan gouvènans pwogram lan atravè Komite Règleman ak Konsèy Règleman yo, epi fè patenarya ak pèsònèl la pou sipòte edikasyon pitit yo ak devlopman fanmi yo.

Paran Volontè

Sèvi kòm volontè nan salklas la ak nan sant lan amelyore relasyon ant paran an ak timoun nan, men li devlope tou yon patenarya ant paran yo ak pèsònèl pwogram lan.

Estanda Pèfòmans Head Start yo defini yon volontè kòm "yon moun ki pa touche ki resevwa fòmasyon pou ede mete an aplikasyon aktivite pwogram kontinyèl yo sou yon baz regilye anba sipèvizyon yon pèsònèl nan domèn lan tankou sante, edikasyon, transpò, nitrisyon ak jesyon." Paran yo ka sèvi kòm volontè sou yon baz okazyonèl oswa regilye.

Tout paran volontè regilye yo dwe dakò pou ABCD fè yon verifikasyon pase yo, epi soumèt dokimantasyon sou yon egzamen fizik ak tès TB (nan espas 12 dènye mwa ki sot pase yo). Se sèlman lè tout rezilta yo vini epi yo akseptab, ke paran an ka kòmanse sèvi kòm volontè.

Angajman Fanmi nan Gouvènans Pwogram yo

Estanda Pèfòmans Pwogram Head Start la egzije pou nou etabli epi kenbe yon estrikti fòmèl yon gouvènans pataje ak paran yo. Konsèy Règleman Vil la ak Komite Paran nan Sant yo ofri paran yo opòtinite pou yo patisipe nan elaborasyon politik oswa nan lòt desizyon konsènan pwogram lan.

KOMITE PARAN: Chak sant etabli yon Komite Paran ki fèt sèlman ak paran timoun ki enskri nan sant la kounye a. Chak paran yon timoun ki enskri nan yon sant kounye a se yon manm Komite Paran an. Atravè Komite Paran yo, paran yo kapab konseye pèsònèl yo nan devlope epi aplike pwosedi, aktivite ak sèvis sant lokal yo; planifye, dirije epi patisipe nan pwogram ak aktivite enfòmèl ak fòmèl pou paran yo ak pèsònèl la. Chak Komite Paran eli yon reprezantan ak yon ranplasan pou sèvi nan Konsèy Règleman sèvis ABCD Head Start & Children's Service atravè vil la. Reprezantan Konsèy Règleman an enfòmèl Komite Paran an sou mezi Konsèy Règleman an pran.

KONSÈY RÈGLEMAN: Konsèy Règleman an fèt ak reprezantan eli nan chak Komite Paran lokal nan tout sant ABCD Head Start ak Early Head Start yo ak pwogram patnè yo. Konsèy la eli yon Prezidan, Vis-Prezidan, Sekretè ak Trezorye. Anplis, yo eli yon Reprezantan ak yon Ranplasan pou reprezante Konsèy Règleman nan Konsèy Administrasyon ABCD a ak Massachusetts Head Start Association an. Responsablite Konsèy Règleman an enkli: ede pèsònèl direksyon pwogram lan pran desizyon ki gen rapò ak politik pwogram yo, rekòmande epi oswa ratifye anbochaj oswa revokasyon manm pèsònèl la, revize bidjè a, bay opinyon sou soumèt sibvansyon, aktivite devlopman epi defann pwogram lan.

KOMITE KONSILTATIF SOU SANTE AK SOU SANTE MANTAL: Komite Konsiltatif sou Sèvis Sante a (HSAC) se yon gwoup konsiltatif ki rasanble pèsònèl, paran, founisè swen sante ak lòt patnè nan kominote a pou diskite sou planifikasyon, operasyon, ak evalyasyon sèvis sante, sante mantal ak nitrisyon. Misyon komite sa a se sipòte sante ak byennèt chak timoun ak fanmi Head Start ak Early Head Start. Tout fanmi byenvini epi nou ankouraje yo pou yo fè pati komite sa a.

ANGAJMAN FANMI NAN PWOGRAM LAN

Dwa ak Responsablite Paran/Gadyen

ENKYETID/PLENT PARAN: Enkyetid oswa plent konsènan sant lan ke paran oswa manm kominote a genyen ta dwe adrese bay Direktè Sant lokal la. Si Direktè Sant lan pa ka rezoud yon pwoblèm imedyatman, yo pote pwoblèm nan bay Kowòdonatè Angajman Fanmi ak Kominotè a ki konsilte pèsònèl direksyon konpetan an ak Biwo Santral la ak Komite Egzekitif Konsèy Règleman an si sa nesesè. Yo evalye sitiyasyon an epi tout pati konsène yo decide sou yon plan aksyon nan yon delè de semèn.

KÒD KONDUIT: Yon konpòtman koutwa epi respektye ant ak pami tout patisipan nan pwogram lan esansyèl pou ABCD Head Start & Children's Services reyalize misyon li epi ede asire yon anviwonman pozitif epi ankouraje sekirite timoun yo, fanmi yo ak pèsònèl yo.

ABCD Head Start & Children's Services pa pral tolere okenn konpòtman paran ki kreye yon anviwonman ki danjere pou timoun yo, lòt paran, pèsònèl la oswa volontè yo. Kèk egzanp konpòtman ki pa akseptab yo enkli men yo pa limite nan:

- Menas oswa arasman anvè pèsònèl la, paran yo oswa timoun yo
- Itilizasyon langaj ki denigre, ofansif oswa rasis nan nati kont yon moun oswa yon gwoup timoun, fanmi oswa pèsònèl la.
- Vyolans fizik oswa vèbal anvè yon timoun
- Di betiz oswa jouse
- Batay nan bouch, rele fò epi montre kòlè
- Vyolans fizik
- Pote dwòg, alkòl oswa zam nan sit pwogram yo oswa evènman
- Fimen
- Itilizasyon telefòn selilè nan salklas la
- Pataje enfòmasyon sou oswa imaj timoun ki enskri nan pwogram nou an oswa pèsònèl nou an sou rezo sosyal yo

Si yon paran vyole Kòd Konduit la, ABCD Head Start & Children's Services rezève dwa pou, pami lòt bagay:

- Limite aksè nan Sant lan
- Mete fen nan enskripsyon timoun nan
- Kontakte Depatman Timoun ak Fanmi an (DCF)
- Kontakte lapolis

ANGAJMAN FANMI NAN PWOGRAM LAN

Patenarya Pèsonèl /Paran

Konstwi relasyon pozitif, oryante objektif ak fanmi yo se yon priyorite pou tout pèsonèl pwogram lan. Nou konstwi patenarya nan yon varyete fason:

VIZIT LAKAY: Vizit lakay yo se yon etap enpòtan nan konekte pèsonèl la ak timoun nan ak fanmi yo epi yo ankouraje Pandan ke vizit lakay yo pa yon kondisyon pou enskripsyon nan pwogram lan, yo bay pèsonèl la ak paran yo yon opòtinite pou yo reyini ansanm nan yon anviwonman ki pi konfòtab pou timoun nan epi souvan pi pratik pou paran yo. Vizit lakay yo tou ede pwofesè yo ak lòt pèsonèl la etabli yon koneksyon lakay-ak-lekòl ak fanmi yo, paske angajman paran ak gadyen yo enpòtan anpil pou edikasyon ak devlopman pitit yo a. Pwofesè yo fè omwen de vizit lakay pa ane, epi lòt pèsonèl, tankou Pòtpawòl Fanmi yo, ka fè vizit lakay tou nan konfòmite ak Estanda Pèfòmans Biwo Head Start. Pandan ke yo prevwa ke vizit lakay yo dwe fèt nan kay la, nan kèk sikonstans vizit sa yo ka fèt nan yon espas sekirize nan yon akò mityèl ant paran/gadyen yo ak pèsonèl la

KOMINIKASYON EKRI: Yo pral enfòmè paran yo alekri omwen sèt jou anvan tout chanjman nan règleman ak pwosedi yo pandan tout ane a. Yo pral resevwa tou yon notifikasyon si gen yon chanjman nan pèsonèl anseyan pèmanan an pandan ane pwogram lan.

KOMINIKASYON PARAN/PÈSONÈL: Nou mande pou paran yo angaje nan

- Li chak lèt, mesaj tèks ak imel yo epi ranpli fòm ke yo voye lakay yo paske enfòmasyon yo toujou enpòtan
- Enfòmè pèsonèl la sou alèji yon timoun ak bezwen sante espesyal yo ki enkli maladi. Nou mande paran yo kominike imedyatman bay pèsonèl pwogram yo tout sentòm, ekspozisyon potansyèl, ak/oswa dyagnostik pozitif Maladi Kontajye tankou COVID-19, Grip, RSV, oswa men, pye ak bouch, pitit yo oswa yon manm imedya nan fwaye yo;
- Enfòmè pèsonèl la sou nenpòt chanjman nan kay la ki ta ka afekte yon timoun: nouvo tibebe, demenaje, divòs, lanmò oswa twoma nan fanmi an, elatriye.
- Rele, voye tèks oswa voye yon imel bay pèsonèl sant lan chak fwa ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid;
- Asire w ke sant lan gen yon kopi tout dokiman legal ki limite kontak timoun nan ak lòt moun, tankou òdonans restriksyon oswa dokiman gad;
- Kenbe ajou nimewo telefòn ak adrès imel yo, ki enkli kontak ijans ak lis kontak pou vin chache.
- Fè plan pou sèvi kòm volontè ; sant pitit ou a bezwen w;
- Nou mande paran Early Head Start yo pou yo ranpli yon Fich Kominikasyon kotidyen nan moman depoze yo chak maten.

LANG AK TRADIKSYON: Chak sant pral fè tout efò posib yo pou pale epi kominike avèk ou nan lang prensipal ou. Sa fèt atravè:

- Pèsonèl tradiktè ak entèprèt — pifò sant yo gen pèsonèl ki pale lang ki pale nan kominote lokal la. Nan kèk sikonstans, sant lan pral mennen tradiktè ki pale yon lang ke pèsonèl la pa pale. Chak fwa sa posib, nou pral kontrate yon entèprèt Lang Siy Ameriken pou moun ki soud oswa ki mal pou tande yo.
- Materyèl ekri — chak fwa sa posib, enfòmasyon ak fòm yo tradui nan lang prensipal ki pale nan sant lan.

ANGAJMAN FANMI NAN PWOGRAM LAN

KONFERANS PARAN/PWOFESÈ: Pou timoun ki gen laj lekòl preskolè, ekip ansèyman an rankontre ak paran/gadyen chak timoun pou diskite sou pwogrè timoun nan nan pwogram lan. Konferans paran/pwofesè sa yo fèt pandan otòn, livè ak prentan. Pou tibebe/timoun piti yo, ekip ansèyman an rankontre ak paran/gadyen chak timoun kat fwa pa ane, pandan otòn, livè, prentan ak ete. Konferans lan se yon moman kote paran yo ka travay ak pwofesè yo pou devlope objektif epi rekòmande aktivite pou salklas la ak kay la pou sipòte aprantisaj timoun nan. Konferans paran/pwofesè sa yo fèt nan reyinyon an pèsòn oswa pandan vizit lakay yo.

SÈVIS SIPÒ KONPLÈ POU FANMI: Objektif sèvis sipò konplè pou fanmi an se ede chak fanmi jwenn sipò ak sèvis ki nesèsè pou asire yon eksperyans reysit pou timoun nan nasanm ak fanmi an. Chak timoun ak fanmi gen sèvis yon ekip entèdisiplinè konplè, ki ka fèt ak: Asistan Pwofesè, Pwofesè, Pòtpawòl Fanmi, Sipèvizè Edikasyon, Sipèvizè Angajman Familyal ak Kominotè, Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon, Espesyalis nan Sipò pou Entèvansyon, Espesyalis nan Sante Mantal, Dietisyen ak/oswa lòt pèsònèl ki apwopriye.

Ekip la bay sipò ak resous ki nesèsè pou reyalize objektif fanmi an te fikse a. Objektif pou timoun nan ak fanmi an planifye nan kolaborasyon ak fanmi an baze sou enfòmasyon ki soti nan obsèvasyon timoun yo, egzamen, evalyasyon timoun yo, evalyasyon fanmi yo, ak lòt rapò. Ekip entèdisiplinè a rankontre pandan tout ane a pou diskite sou pwogrè timoun ak fanmi an nan direksyon objektif yo, egzamine, revize epi mete an aplikasyon plan yo, epi diskite sipò ki ofri bay fanmi an.

Pou asire ke objektif fanmi yo ap adrese pandan ane a, Pòtpawòl Fanmi an rankontre ak fanmi an pou revize pwogrè nan direksyon objektif yo epi revize epi mete an aplikasyon plan yo. Tipikman, Pòtpawòl Fanmi yo rankontre ak fanmi yo lakay yo pou vizit lakay yo, nan sant lan, ak/oswa nan kominote a. Pòtpawòl Fanmi yo toujou disponib pou bay sipò, resous ak referans fanmi an ka bezwen.

Manm fanmi yo ka diskite sou enkyetid oswa plan yo ak nenpòt manm ekip la nan telefòn oswa an pèsòn lè yo pran yon randevou nan sant la oswa nan kay la.

REFERANS: ABCD ak kominote nou sèvi yo gen anpil resous pou timoun ak fanmi yo. Pòtpawòl Fanmi yo gen yon gwo varyete resous ak aksè nan enfòmasyon pou fanmi yo sou divès sijè ki enkli men pa limite nan èd nan lojman, asistans alimantè, asistans ak kabiran, sante, sante mantal, edikasyon ak fòmasyon, travay, sèvis legal, gadri ak edikasyon, sèvis pou granmoun aje, abi dwòg, byennèt finansye, alfabetizasyon, angle kòm dezyèm lang, edikasyon pou adilt ak divès gwoup sipò. Pòtpawòl Fanmi yo ak lòt pèsònèl la disponib pou konekte fanmi yo ak resous yo enterese jwenn aksè nan yo.

FÒMASYON AK EDIKASYON PARAN: Chak ane yo mande paran yo pou yo ranpli yon sondaj ki endike sijè ki enterese yo. Rezilta sondaj sa a ede chak sant idantifye sijè fòmasyon ak edikasyon ki enterese fanmi yo. ABCD Head Start & Children's Services pran angajman pou li travay ak paran yo pou ofri opòtinite edikatif sa yo pandan tout ane a nan itilize metòd vityèl jiskaske nou ka rekòmanse evènman an pèsòn yo. Sijè yo ka enkli: devlopman timoun, jesyon konpòtman, kourikoulòm, relasyon lakay/lekòl, pwoblèm sante timoun, sante mantal, bezwen espesyal, nitrisyon ak byennèt, Premye Swen, CPR, sekirite lakay, ak lòt sijè ki sijere nan sondaj paran an.

WÒL PÈSONÈL

PÈSONÈL SANTRAL ABCD: Pèsonèl nan biwo santral Head Start & Children's Services la sipèvizè livrezon sèvis nan tout lokal ABCD yo nan Boston ak zòn Mystic Valley a. Li asire jesyon finansye, evalye livrezon sèvis yo epi òganize devlopman pwogram yo ak lòt òganizasyon lokal yo. Ekip jesyon santral la konpoze ak Vis Prezidan Head Start & Children's Services, Direktè Adjwen, Direktè ak Kowòdonatè Konpozant yo. Pèsonèl Santral la pataje responsablite ak Direktè Sant lokal yo pou kalite global chak sant.

ADMINISTRATÈ LOKAL: Direktè Sant lan okipe li de administrasyon sant lokal ABCD Head Start & Children's Services yo. Direktè Sant lan gen responsablite global pou mete an aplikasyon règleman pwogram yo, ansanm ak gouvènans pwogram, planifikasyon edikatif, anboche pèsonèl la, ak sipèvizyon.

EDIKASYON PÈSONÈL: Branch edikasyon an genyen pozisyon sa yo: Sipèvizè Edikasyon, Pwofesè, Asistan Pwofesè ak Stajyè nan Edikasyon. Plizyè salklas jwenn sipò nan men Mantò/Antrenè, ki bay pwofesè yo sipò sou pratik ansèyman efikas. Tout pèsonèl Edikatif yo satisfè egzijans edikasyon ak eksperyans Biwo Head Start, EEC, ak NAEYC pou pwogram ki akredite yo. Sipèvizè edikasyon yo gen pou minimòm yon diplòm bakaloreya nan edikasyon timoun piti oswa yon domèn ki pwòch. Pwofesè Early Head Start gen omwen yon Asosye nan Devlopman Tibebe/Timoun Piti (CDA). Pwofesè Lekòl Preskolè yo gen omwen yon Diplòm Asosye nan Edikasyon Ti Anfans oswa nan yon domèn ki pwòch; Asistan Pwofesè yo gen yon Kredansyèl Asosye nan Devlopman Timoun (CDA) oswa y ap travay pou jwenn CDA oswa Diplòm Asosye yo. Tout pèsonèl edikatif la sètifye nan Premye Swen ak RCR epi yo resevwa fòmasyon kontinyèl ak sipò edikatif pou amelyore konpetans yo pandan tout ane a.

PÈSONÈL NAN ANGAJMAN FANMI AK KOMINOTÈ: Pèsonèl nan Angajman Fanmi ak Kominotè a, fèt ak Sipèvizè nan Angajman Fanmi ak Kominotè, Pòtpawòl Fanmi ak Espesyalis ERSEA (Elijibilite, Rekritman, Seleksyon, Enskripsyon, Prezans), fè patenarya ak paran ak fanmi yo pou asire sipò kontinyèl nan men pwogram lan ak kominote a. Soti nan rekritman rive nan tranzisyon nan pwochen eksperyans edikatif timoun nan, pèsonèl Angajman Fanmi ak Kominotè a sipòte paran yo nan etabli epi reyalize objektif pou tèt yo ak pitit yo.

PÈSONÈL NAN SANTE AK NITRISYON: Yon Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon ak yon Asistan nan Sèvis Sante asiyen nan chak pwogram pou asire sekirite ak sante timoun yo. Yo kowòdone regilyèman ak paran/gadyen yo pou jwenn dokimantasyon sou sante ki nesèsè, jesyon swen kwonik, idantifikasyon enkyetid sou nitrisyon, epi asire ke timoun yo ap resevwa tout sèvis sante ak nitrisyon, edikasyon ak referans ki nesèsè.

ESPESYALIS NAN SIPÒ POU ENTÈVANSYON: Espesyalis Sipò nan Entèvansyon (ISS) travay kole kole ak timoun yo ak fanmi yo pou sipòte byennèt sosyal/emosyonèl ak timoun andikape yo. ISS la travay nan kolaborasyon ak lòt pèsonèl pwogram lan ak kominote a, ki enkli Prensipal Ajans Edikatif yo, Pwogram Entèvansyon Prekòs, ak lòt patnè kontraktiyèl yo. Yo responsab pou suivi ak miz-an-aplikasyon IFSP ak IEP yo, ansanm ak fasilite pou entegrasyon andikap yo ak sipò sante mantal nan tout domèn konstitif pwogram lan.

PÈSONÈL NAN SIPÒ PWOGRAM YO: Pèsonèl nan sipò pwogram yo ka enkli pèsonèl nan sèvis alimantè, stajyè nan edikasyon, resepsyonis, sekretè, asistan administratif, ak lòt moun. Yo bay sèvis ki sipòte operasyon kotidyen pwogram lan.

ESPESYALIS NAN SANTE MANTAL: Tout pwogram Head Start ak Early Head Start yo gen yon Espesyalis nan Sante Mantal entèn". Espesyalis nan Sante Mantal la se yon pati nan Ekip Entèdisiplinè a. Espesyalis nan ante Mantal yo travay ak timoun yo, paran ak pèsonèl la pou ankouraje byennèt sosyal ak emosyonèl an jeneral. Sèvis ki disponib pou timoun yo: enkli men yo pa limite nan- gwoup ranfòsman Konpetans Sosyal/Estim tèt ou, mizik ak mouvman ak terapi endividyèl ak familyal. Espesyalis nan Sante Mantal yo ofri tou atelye ak fòmasyon pou paran pandan tout ane a.

Tout pèsonèl la dwe sibi verifikasyon pase yo ak egzamen fizik anvan yo kòmanse travay ak mizajou nan konfòmite ak règlemantasyon yo.

SWEN PREKÒS AK EDIKASYON TIMOUN: TIBEBE, TIMOUN PITI AK TIMOUN LAJ PRESKOLÈ

Objektif ABCD Head Start & Children's Services se ankouraje devlopman konesans ak konpetans ki bay timoun yo pi gwo chans posib pou yo reyisi nan lekòl ak pandan tout lavi yo. Atravè dispozisyon salklas ak sant edikatif ki pwòp, sekirize, akeyan epi bon jan kalite, timoun yo devlope yon estim tèt yo pozitif ak yon sans apatenans nan kominote yo pandan y ap aprann epi grandi nan maksimòm potansyèl yo. Kominikasyon ant fanmi yo ak pèsonèl la ankouraje chak jou pou timoun yo ka wè fanmi yo ak pèsonèl la k ap travay ansanm, devlope aktivite apwopriye pou timoun yo epi pataje gouvènans pwogram lan. Paran yo dwe suiv tout pwotokòl ak pwosedi ki an plas pou rezon sante ak sekirite.

Oryantasyon ak Disiplin

Baz sistèm oryantasyon ak disiplin nou an se respè ak akseptasyon chak timoun nan objektif pou ede jèn timoun yo devlope oto-regilasyon ak kontwòl. Timoun yo resevwa ankourajman pandan tout jounen an pou yo ka fè chwa epi travay poukont yo. Yo resevwa ankourajman pou yo pratike konpetans linguistik ak sosyal yo epi sitou pou yo idantifye epi eksprime santiman yo nan fason pozitif.

TIBEBE AK TIMOUN PITI: Pèsonèl ansèyman an itilize prensip ki konsistan, rezonab epi apwopriye pou oryante konpòtman tibebe ak timoun piti yo. Oryantasyon sa a baze sou yon konpreyansyon bezwen endividyèl, laj ak devlopman timoun nan. Pwofesè yo apiye sou konpreyansyon sa a nan kreye yon anviwonman sekirize, konstwi relasyon solid, planifye aktivite kotidyen ki adapte a laj yo, ofri woutin estimilan epi sipòte tibebe/timoun pitit yo atravè tranzisyon. Pwofesè yo fè si ke gen plizyè jwèt ki disponib pandan timoun piti yo ap aprann konpetans pou jwe nan kolaborasyon. Yo pral adapte aktivite ak tranzisyon yo pou yo ka adapte epi reyalis pou timoun ki nan swen yo.

Pwofesè yo gide konpòtman timoun yo nan ba yo elòj pozitif, mete etikèt sou epi dekri santiman/emosyon yo, sipòte premye etap yo nan rezoud pwoblèm yo nan ba yo mo pou yo itilize ak kanmarad yo, nan bay modèl konpòtman ki apwopriye yo epi nan ko-reglemante yo.

TIMOUN LAJ PRESKOLÈ: Atant nan salklas la pral devlope ak timoun yo pandan twa premye semèn lekòl yo, ki dekri atant pou konpòtman apwopriye ki gen rapò ak itilizasyon ekipman ak materyèl, orè kotidyen, nan itilize mo olye de fòs fizik pou eksprime santiman ak bezwen yo, elatriye. Atant nan salklas yo pral revize epi referansye regilyèman ak timoun yo, ki enkli nouvo enskri yo, epi yo pral konsantre sou sa yo dwe fè (pye mache) olye de sa yo pa dwe fè (pa kouri). Timoun yo toujou trete ak respè, ak byenveyans.

Timoun k ap fè dezòd nan yon zòn nan salklas la pral redirije nan yon lòt zòn kote yo ka angaje yo nan yon aktivite ki pi apwopriye epi ki mwens pètiban. Pwofesè a pral eksplike rezon pou redireksyon an epi travay pou angaje timoun nan nan nouvo aktivite a. A nenpòt moman, okenn zòn nan salklas la pa pral itilize kòm rekonpans pou konpòtman apwopriye.

Kòm yon dènye rekou, pou asire sekirite tout timoun nan salklas la, pwofesè yo ka mande pou timoun yo pran yon "poz" (pa janm depase twa (3) minit) nan yon zòn espesifik nan salklas la apre plizyè tantativ redireksyon oswa imedyatman apre domaj fizik anvè yon lòt timoun "Pòz la" se pa yon "tan inaktif" nan patisipe nan aktivite salklas la; tan deyò oswa izolasyon kèlkeswa nati li pa dwe janm itilize pou disipline yon timoun.

Nou ankouraje yon timoun ki blese yon lòt timoun fizikman pou li eksplike aksyon ak santiman li yo epi pou li pran swen lòt timoun nan. Pwofesè yo toujou ede timoun ki blese a. Pwofesè yo asire yo tou ke timoun yo ki demontre yon konpòtman ki pa apwopriye konnen ke yo pa "move" timoun. Objektif nou se ede timoun yo aprann nouvo konpetans pou jere konpòtman yo.

SWEN PREKÒS AK EDIKASYON TIMOUN: TIBEBE, TIMOUN PITI AK TIMOUN LAJ PRESKOLÈ

TOUT TIMOUN: Pèsonèl ABCD Head Start & Children's Services ak nenpòt moun k ap travay avèk timoun Head Start oswa Early Head Start pral itilize metòd pozitif pou gide timoun yo epi yo pa pral angaje yo nan pinisyon kòporèl, abi emosyonèl oswa fizik, kontrent, oswa imilyasyon. Anplis, yo pral itilize metòd disiplin ki enplike izòlman, itilizasyon manje kòm pinisyon oswa rekonpans, oswa refi pou reponn a bezwen debaz yo. Pèsonèl la ak nenpòt moun k ap travay ak timoun yo pral aksepte, respekte, epi ankouraje idantite inik chak timoun ak fanmi epi yo pa pral etabli okenn estereyotip sou okenn baz, tankou sèks, ras, etnisite, kilti, relijyon, andikap, oryantasyon seksyèl, oswa konpozisyon fanmi. Nenpòt moun ki angaje yo ak timoun yo pral fè sa nan pale nan yon fason ki kalm epi respektive, aprann tanperaman chak timoun, epi ede chak timoun ak fanmi santi yo byenvini epi yo entegre yo nan pwogram lan.

Korikoulòm

Pratik ki apwopriye pou devlopman gide travay nou ak timoun yo. Se atravè pratik sa yo ke yon pwofesè planifye kourikoulòm li kotidyen . Salklas yo itilize yon kad kourikoulòm ki fonde sou prèv, swa Kourikoulòm Kreyatif pou Tibebe, Timoun Piti, ak Timoun de zan yo, oswa Kourikoulòm Kreyatif pou Lekòl Preskolè yo kòm kad pou konsepsyon anviwonman salklas yo. Plan kourikoulòm yo ekri pou amelyore konpetans timoun yo epi sipòte objektif preparasyon nan lekòl pou timoun depi nesans jiska senk an. Plan sa yo enkli bi ak objektif ki gen rapò ak Kad Rezilta Aprantisaj Prekòs Head Start la, nan Kad Kourikoulòm Massachusetts yo, Gid pou Eksperyans Aprantisaj Preskolè ak Jadendanfan ak Gid Aprantisaj Prekòs pou Tibebe ak Timoun Piti nan Massachusetts.

Ekip ansèyman yo itilize obsèvasyon kontinyèl yo ak opinyon paran yo pou evalye tout timoun twa fwa pa ane nan Head Start ak kat fwa pa ane nan Early Head Start. Evalyasyon sa yo te fèt ak baz done evalyasyon anliy Kreatif Kourikoulòm. Objektif aprantisaj yo nan baz done a sipòte senk domèn esansyèl "preparasyon pou lekòl" pou tout timoun depi nesans jiska laj senk an epi yo aliyen ak kad Rezilta Aprantisaj Prekòs Head Start nou an, Gid pou Eksperyans Aprantisaj Preskolè ak Jadendanfan, ak Gid pou Aprantisaj Prekòs pou Tibebe ak Timoun Piti nan Massachusetts. Sistèm evalyasyon an itilize pou ede pwofesè yo detèmine pwogrè endividyèl elèv yo nan chak peryòd evalyasyon epi pou ede kreye eksperyans endividyèl pandan ane a. Nou ankouraje paran ak gadyen yo pou yo poze kesyon konsènan itilizasyon done evalyasyon yo ak fason yo pral satisfè bezwen endividyèl pitit yo.

SWEN PREKÒS AK EDIKASYON TIMOUN: TIBEBE, TIMOUN PITI AK TIMOUN LAJ PRESKOLÈ

Konsepsyon Salklas ak Woutin/Kalandriye

Tibebe ak Timoun Piti:	Preskolè:
<p>KONSEPSYON SALKLAS: Chak konsepsyon salklas enkli domèn aprantisaj sa yo: blòk, antretyen/jwèt dramatik, manipilasyon, atizay, domèn dekouvèt ki enkli yon tab sansoryèl, bibliyotèk, zòn pou tibebe ak zòn konfòtab.</p> <p>Pwofesè yo ofri timoun yo opòtinite pou itilize materyèl yo nan domèn aprantisaj yo swa poukont yo swa avèk lòt timoun. Aktivite yo fèt pou ankouraje devlopman kognitif, sosyal, fizik ak emosyonèl tout timoun.</p> <p>Materyèl yo fasilman disponib epi aksesib pou tibebe ak timoun piti yo kòmmanse pwòp aktivite yo epi pou pwofesè yo angaje yo nan jwèt ki sipòte devlopman gwo ak ti misk yo. Materyèl ki nan salklas la ankouraje kapasite timoun yo pou yo imite, pretann, apresye istwa ak liv yo, amize yo ak atizay, eksplòre dlo epi amize ak mizik ak mouvman.</p>	<p>KONSEPSYON SALKLAS: Chak konsepsyon salklas enkli domèn aprantisaj sa yo: blòk, antretyen/jwèt dramatik, manipilasyon, atizay, tab sansoryèl, bibliyotèk, zòn ekriti, zòn matematik/syans ak yon zòn konfòtab.</p> <p>Pwofesè yo ofri timoun yo opòtinite pou itilize materyèl yo nan domèn aprantisaj yo swa poukont yo swa ak lòt timoun. Aktivite yo fèt pou ankouraje devlopman kognitif, lengwistik, sosyal, fizik ak emosyonèl tout timoun.</p> <p>Materyèl yo fasilman disponib epi aksesib pou timoun preskolè yo kòmmanse pwòp aktivite yo epi pou pwofesè yo angaje yo nan jwèt ki sipòte devlopman yo. Materyèl ki nan salklas la ankouraje kapasite timoun yo pou yo imite, pretann, apresye istwa ak liv yo, amize yo ak atizay, eksplòre dlo epi amize ak mizik ak mouvman.</p>
<p>WOUTIN/ORÈ SALKLAS: Chak salklas etabli yon orè/woutin kotidyen fleksib pou tibebe ak timoun piti baze sou bezwen devlopman chak timoun. Tibebe ak timoun piti yo toujou nan pwosesis pou yo devlope pwòp orè yo, yo manje, dòmi ak chanje kouchèt/ale nan twalèt sou demann. Orè/woutin kotidyen an enkli tan pou aktivite endividyèl, nan ti ak gwo gwoup, chwa lib, aktivite pwofesè a dirije, ak konpetans otonomi tankou itilizasyon twalèt, lave men ak bwose dan. Orè a enkli tou tan pou aktivite motrisite deyò oswa andedan, repa ak tan pou repo. Orè kotidyen ak aktivite espesifik afiche nan chak salklas. Salklas yo manje tout repa ansanm nan yon fòm repa Estil Familyal, ak tout eleman repa yo bay timoun yo sou tab la.</p>	<p>WOUTIN/ORÈ SALKLAS: Chak salklas etabli yon orè kotidyen pou timoun preskolè yo ki enkli tan pou aktivite endividyèl, nan ti ak gwo gwoup, chwa lib, aktivite pwofesè a dirije, ak devlopman konpetans endepandans tankou itilizasyon twalèt, lave men ak bwose dan. Orè a enkli tou tan pou aktivite motrisite deyò oswa andedan, ak tan pou repo. Orè kotidyen ak aktivite espesifik afiche nan chak salklas. Salklas yo manje tout repa ansanm nan yon fòm repa Estil Familyal, ak tout eleman repa yo bay timoun yo sou tab la.</p>
<p><i>Gade enfòmasyon adisyonèl yo anba a konsènan Tan pou Repo, itilizasyon twalèt, lave men ak bwose dan. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Repa ak Ti goute nan seksyon Nitrisyon nan manyèl sa a.</i></p>	

SWEN PREKÒS AK EDIKASYON TIMOUN: TIBEBE, TIMOUN PITI AK TIMOUN LAJ PRESKOLÈ

Itilizasyon Mask/Kouvèti Figi

Toujou mete yon mask ki byen ajiste epi kòrèkteman diminye risk pou simaye viris respiratwa yo. Nenpòt moun ki chwazi mete yon mask pral jwenn sipò nan desizyon yo a. Mete yon mask rekòmande lè viris respiratwa tankou COVID-19 ak sentòm tankou touse oswa etènne prezan nan pwogram lan, espesyalman lè yo okouran yon ekspozisyon oswa lè yo bò kote yon moun ki gen sistèm iminitè li konpwomèt. Nenpòt moun ki te teste pozitif ta dwe mete mask pou omwen 5 jou apre lafyèv la fini epi lòt sentòm yo amelyore lè yo retounen nan pwogram lan.

Tan Repo

TIBEBE: Woutin kabicha pou tibebe yo se sou orè endividyèl timoun nan. Timoun ki poko gen 12 mwa yo itilize bèso ak yon matla fèm ak yon fouwo. Nan konfòmite ak règleman EEC yo ak estanda pèfòmans Head Start pou ede anpeche Sendwòm Lanmò Sibit Tibebe (SUIDS), yo toujou mete ti bebe yo sou do epi pa janm mete nan yon bèso zòrye, kouvèti, mayo, nounous, tanpon ak okenn lòt litri dou. Si yon tibebe vini tou nan dòmi, yo dwe retire tout rad deyò li yo ki enkli chapo epi yo dwe mete tibebe a nan yon bèso sou do.

TIMOUN PITI AK TIMOUN PRESKOLÈ: Orè kotidyen yo enkli tan repo ki varye nan longè dapre bezwen timoun nan. Chak timoun gen pwòp kabann oswa tapi pa li ak yon espas ki deziyen nan salklas la. Pwofesè yo ka fwote do timoun yo pou ede dòmi pran yo. Aktivite kalm pral ofri a timoun yo ki pa dòmi. Yon ti zòrye gwose yon timoun ak yon kouvèti ki soti lakay ede yon timoun detann li. Tanpri make chak objè ak non pitit ou a. Paran yo responsab pou fè si atik sa yo yo lave regilyèman. Si w bezwen asistans pou jwenn materyèl pou tan repo, tanpri kontakte Pòtpawòl Fanmi w lan, ki pral ede w nan fè yon referans.

Ale nan Twalèt

Chanjman kouchèt ak itilizasyon twalèt konsidere kòm eksperyans edikatif anrichi.

CHANJMAN KOUCHÈT POU TIBEBE AK TIMOUN PITI: Lè yon pwofesè chanje kouchèt yon timoun, yo ba li yon opòtinite pou fè lyen ak timoun nan epi angaje timoun nan nan konvèsasyon pou sipòte devlopman langaj endividyèl, devlopman sosyal ak emosyonèl, devlopman kognitif ak devlopman fizik. Pwogram nan bay kouchèt pandan timoun nan enskri nan pwogram nan. Yo chanje kouchèt chak timoun chak 2-3 èdtan oswa chak fwa yo sal oswa mouye. Yo itilize yon tab pou chanje pou objektif sa a epi yo suiv tout pwosedi sanitasyon apwopriye toutan. Rad ki sal yo anbale nan yon sak double an plastik, yo mare yo epi yo make non timoun nan sou yo, yo estoke nan yon zòn espesyal, epi yo retounen bay paran an nan fen jounen an. Kouchèt jetab ki sal yo estoke nan yon resipyan ki pa koule epi yo retire yo nan sant lan chak jou. Zòn pou chanje kouchèt la ak lavabo a konplètman separe de tout zòn preparasyon manje yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan Règleman sou Kouchèt la, ki ka disponib sou demann.

APRANTISAJ TWALÈT POU TIMOUN PITIT: Fanmi yo ak pwofesè yo travay ansanm pou ede timoun yo devlope konpetans yo nan twalèt yo atravè devlopman yon plan twalèt ak paran yo. Fanmi an oswa pwofesè a ka kòmanse diskisyon sou aprantisaj twalèt. Fanmi an ak pwofesè a pral reyini ansanm pou fè yon evalyasyon pou asire ke timoun piti a demontre kèk nan konpetans nesese nan aprantisaj twalèt. Yon fwa evalyasyon an fini epi timoun nan gen konpetans nesese yo kòmanse aprantisaj twalèt la, fanmi an ak pwofesè yo pral kreye yon plan twalèt pou asire yon tranzisyon reyisi soti nan kouchèt ale nan souvètman. Yo mande fanmi yo pou yo pote plizyè pè souvètman, chosèt ak rad pou si ta gen aksidan. Si fanmi yo bezwen èd pou jwenn rad siplemantè pou kenbe nan salklas la, tanpri kontakte Pòtpawòl Fanmi w lan. Nan ka yon aksidan, pèsònèl la pral rasire timoun nan ke aksidan rive epi ede timoun nan chanje nan rad pwòp. Rad sal yo pral mete nan yon sache plastik ki make ak non timoun nan epi yo pral remèt li bay fanmi an pandan yo vin chèche timoun nan. Timoun yo pa dwe janm sibi pinisyon oswa trete nan yon manyè pinitif pou aksidan twalèt paske sa ka lakòz detrès emosyonèl epi pwolonje pwosesis aprantisaj twalèt la. Tout Timoun yo sipèvizè (epi ede jan sa nesese) nan twalèt la toutan. Timoun yo lave men yo ak savon ak dlo anba tiyo apre yo fin ale nan twalèt. Manm pèsònèl la lave men yo tou ak savon ak dlo anba tiyo apre yo fin ede timoun yo.

SWEN PREKÒS AK EDIKASYON TIMOUN: TIBEBE, TIMOUN PITI AK TIMOUN LAJ PRESKOLÈ

TIMOUN LAJ PRESKOLÈ: Timoun laj preskolè yo espere resevwa aprantisaj twalèt; sepandan, si sa pa fèt (fòmasyon twalèt pa yon egzijans), pèsònèl pwogram yo pral devlope yon plan aprantisaj twalèt ak paran an ki baze sou nivo devlopman timoun nan. Nan pi fò tan, ti gason ak tifi yo ale nan twalèt ansanm nan kad woutin jounen yo.

Règlemantasyon yo di ke paran yo dwe asire ke yon chanjman rad disponib pou chak timoun toutan. Si w bezwen asistans pou w wenn rad, tanpri kontakte Pòtpawòl Fanmi w lan ki pral ede w nan fè yon referans. Gen rad siplemantè ke sant lan genyen ki disponib pou chanje anplis rad chak timoun pote soti lakay yo.

Yo jere rad sal ak rad mouye yo nan yon fason diskre epi senp. Okenn timoun pa dwe pini, abize vèbalman, oswa imilye paske li pou pou nan, mouye rad li oswa pou pa itilize twalèt la.

Bwose Dan

Yo anseye tout timoun enpòtans ak teknik bwose dan. Yo ankouraje ijyèn dantè asosye ak repa yo atravè bagay sa yo:

- Pou tibebe ki poko gen en an: Omwen yon fwa pandan jounen pwogram lan, pèsònèl la pral lave men yo, mete gan, epi kouvri yon dwèt ak yon twal gaz oswa twal dou epi siye jansiv tibebe yo tou dousman.
- Pou timoun ant en an ak dezan: Yon fwa pa jou, apre yon repa, yo pral bwose dan timoun yo ak yon bwòs dan ki gen pwal soup, nan itilize yon ti kras dantifris ki gen fliyò.
- Pou timoun dezan oswa plis: Yon fwa pa jou, apre yon repa, pèsònèl ABCD a pral ede timoun yo bwose dan yo nan itilize yon ti kras dantifris fliyò.

SWEN BWÒS DAN: Chak timoun resevwa yon nouvo bwòs dan gwose yon timoun ak pwal soup chak twa mwa oswa pi souvan si yo montre siy degrade oswa lè yon timoun te malad ak yon maladi kontajye. Chak bwòs dan gen etikèt ak non timoun nan sou li. Bwòs dan yo estoke nan resipyan endividyèl oswa nan yon etajè kote bwòs dan yo kanpe tèt anlè epi yo pa touche youn ak lòt. Bwòs dan yo seche ak lè lib apre chak itilizasyon.

Lave Men

Tout timoun, pèsònèl la ak volontè yo aprann fason kòrèk pou lave men yo, epi yo dwe lave men yo omwen nan moman sa yo:

- Lè yo rive nan salklas la
- Anvan ak apre yo jwe ak dlo
- Anvan ak apre manje oswa manyen manje
- Apre yo fin gen kontak ak likid kòporèl oswa ekoulman (tankou estènye, touse)
- Apre yo fin manyen bèt kay oswa ekipman
- Apre yo ale nan twalèt oswa chanje kouchèt
- Apre yo fin jwe deyò

Anplis, pèsònèl la dwe lave men yo tou:

- Anvan ak apre yo fin administre medikaman
- Anvan ak apre yo fin trete oswa panse yon blesi (yo ta dwe mete gan ki pa gen twou si gen kontak ak san oswa likid kòporèl ki gen san)
- Anvan oswa apre yo fin manyen oswa sèvi manje
- Apre eyo fin ede yon timoun ak itilizasyon twalèt
- Apre yo fin fè travay netwayaj, jere fatra oswa itilize pwodui netwayaj

SÈVIS SIPÒ NAN DEVLOPMAN TIMOUN

Pou ede timoun yo reyalize tout potansyèl yo fizikman, emosyonèlman, mantalman ak sosyalman, pèsònèl pwogram ki resevwa fòmasyon evalye timoun yo atravè tès devlopman, sosyal/emosyonèl, vizyèl, ak oditif nan espas 45 jou apre enskripsyon yo. Lòt tès depistaj ki gen rapò ak sante ak nitrisyon konplete nan espas 90 jou apre enskripsyon an. Chak fwa sa posib, pèsònèl la pral kowòdone tou ak fanmi chak timoun ak founisè swen sante yo pou asire yo ke yo resevwa tès depistaj apwopriye ki gen rapò ak sante ak nitrisyon.

Egzamen ak obsèvasyon timoun yo pèmèt paran yo ak pèsònèl la verifye rapidman eta sante jeneral ak devlopman chak timoun. Kèk rezilta egzamen yo ka endike nesosite pou plis evalyasyon. Pèsònèl pwogram lan pral suiv pwosedi pou refere paran yo bay sèvis sipò apwopriye pou pwoblèm ki gen rapò ak devlopman timoun, sosyal/emosyonèl, sante mantal, edikasyon, andikap, sante fizik, ak/oswa nitrisyon.

Chak ane, avèk konsantman ekri paran yo, timoun yo resevwa egzamen sa yo ki fèt pa pèsònèl la oswa espesyalis ajans deyò:

TÈS VIZYÈL: Yo fè tès vizyèl sou tout timoun ki pa t fè tès depistaj pa pedyat yo ak konsantman paran yo. Depistaj sa a fèt pa Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an oswa Asistan Sèvis Sante nan itilize SPOT Vision Screener. Yo voye rezilta tès depistaj la lakay ou nan espas 24 èdtan, akonpaye pa Fòm Referans Sanitè a. Li enpòtan pou pote fòm nan ak rezilta yo bay pedyat pitit ou a pou swen suivi.

TÈS ODITIF: Depistaj oditif fèt sou tout timoun ki pa t fè tès depistaj pa pedyat yo pa Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an oswa Asistan Sèvis Sante a nan itilize zouti tès depistaj pa emisyon oto-akoustik emisyon (OAE) ak konsantman paran yo. Yo voye rezilta tès depistaj la lakay ou nan espas 24 èdtan Si yon timoun pa pase tès depistaj la, yo pral repete tès depistaj la apre de semèn. Si timoun nan pa pase dezyèm tès depistaj la, yo refere timoun nan pou yon egzamen oditif konplè pa yon odyològ. Yo pral voye rezilta tès depistaj yo lakay ou, akonpaye pa Fòm Referans Sanitè a. Li enpòtan pou pote fòm nan ak rezilta yo bay pedyat pitit ou a oswa odyològ la pou swen suivi.

DEPISTAJ WOTÈ/PWA: Timoun (tibebe, timoun piti ak timoun laj preskolè) gen wotè ak pwa yo mezire de fwa pa ane. Premye mezi a fèt ant mwa septanm ak mwa novanm. Dezyèm mezi a fèt pandan prentan an. Rezilta wotè ak pwa yo fè pati evalyasyon nitrisyonèl timoun nan. Baze sou evalyasyon an, paran yo pral resevwa enfòmasyon apwopriye sou nitrisyon ak nenpòt konsèy ki apwopriye.

SUIVI/REFERANS NAN DEPISTAJ AK OBSÈVASYON: Yon fwa tès depistaj yo fini oswa nenpòt lè pandan ane pwogram lan, pèsònèl pwogram lan ka rankontre ak paran an pou pataje enkyetid ki soti nan tès depistaj ak obsèvasyon yo, anjeneral nan kolaborasyon ak youn nan espesyalis ki travay nan pwogram lan (Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon, Dyetetisyen Lisansye, Espesyalis Sipò nan Entèkansyon, oswa Espesyalis nan Sante Mantal). Pandan reyinyon sa a, pèsònèl la bay paran an rekòmandasyon pwogram lan pou plis evalyasyon epi chèche pèmasyon ekri nan men paran an pou ede nan fè yon referans.

Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an kowòdone tout enkyetid oswa referans medikal ak/oswa nitrisyonèl yo. Sa enkli timoun ki pa pase tès sansoryèl oswa ki gen kondisyon medikal ki bezwen kontwole oswa timoun ki bezwen resevwa medikaman nan lekòl la.

PWOBLÈM DEVLOPMANTAL: Nan ka pwoblèm devlopman, nan kad IDEA yo ka refere paran yo nan sistèm lekòl piblik lokal la pou plis tès depistaj ak/oswa evalyasyon pou timoun laj preskolè. Yo pral refere tibebe ak timoun piti yo nan yon pwogram Entèkansyon Prekòs pou yo evalye konplètman pou sèvis apwopriye. Espesyalis Sipò nan Entèkansyon an ede paran an atravè pwosesis evalyasyon an, kenbe kontak ak paran an ak swa sistèm lekòl piblik lokal la swa Entèkansyon Prekòs, ale nan reyinyon ki gen rapò ak bagay sa yo. Siveye pwogrè timoun nan ak livrezon sèvis yo pandan enskripsyon li.

SÈVIS SIPÒ NAN DEVLOPMAN TIMOUN

SANTE MANTAL AK BYENNÈT: Espesyalis nan Sante Mantal la se yon manm ekip entèdisiplinè a tou. Tout timoun teste pou devlopman sosyal-emosyonèl nan itilize Zouti Deteksyon Sosyal/Emosyonèl Ages & Stages la nan espas 45 jou apre premye enskripsyon an. Rezilta yo revize ak paran yo pou detèmine bezwen pou sèvis adisyonèl anndan pwogram lan. Paran yo se pati ki pi enpòtan nan tout sèvis sante mantal epi yo bezwen angaje totalman nan pwosesis la depi nan konmansman. Avèk pèmisyon paran yo, yo fè referans bay Espesyalis nan Sante Mantal la kote pèsònèl la ak paran yo ka resevwa konsiltasyon ak sipò ki abouti plan endividyèl pou timoun nan. Plan sa yo ka enkli yon terapi endividyèl jwèt, jwèt ant kanmarad, oswa lòt sèvis ki ka ede timoun nan ak fanmi an.

Tout referans ak kontak pèsònèl la fè yo epi konsève nan dosye timoun nan.

Sèvi Timoun ki Gen Bezwen Espesyal

ABCD Head Start & Children's Services ofri yon eksperyans enklizif pou tibebe, timoun piti ak preskolè pou tout timoun. Sa pèmèt timoun andikape yo jwe epi aprann bò kote timoun ki pa gen bezwen edikatif espesyal oswa sanitè.

Chak sant gen aksè a yon Espesyalis Sipò nan Entèvansyon. Pèsònèl sa a asire ke tout timoun ki gen yon andikap oswa ke yo sispèk ka gen yon andikap resevwa akomodasyon, sipò ak sèvis ki nesèsè pou yo reyisi. Sa yo ka enkli (men pa limite nan):

- Chanjman oswa modifikasyon nan salklas la pou timoun nan ka patisipe nan aktivite regilye yo.
- Sèvis sipò ki enkli sipò nan pawòl ak langaj, terapi okipasyonèl, sipò sante mantal, elatriye.
- Sèvis sipò nan anviwònman sant yo: ki enkli sipò nan pawòl ak langaj, sipò sante mantal, elatriye.
- Rediksyon nan rasyo pèsònèl a timoun nan salklas kote timoun nan ka plase a.
- Acha ekipman espesyal, materyèl, ranp, oswa lòt èd.
- Doub plasman ant yon sant ABCD ak sistèm lekòl piblik lokal la pou bay sèvis aprantisaj espesyalize. Timoun nan pral pase yon pati nan jounen an nan salklas lekòl piblik lokal yo epi li pral retounen nan yon salklas ABCD enklizif pou rès jounen an.

Si pwogram lan pa ka akomode bezwen espesyal yon timoun, pwogram lan bay paran an (yo) notifikasyon ekri ak vèbal nan espas 30 jou konsènan rezon yo epi li ede jwenn yon pwogram ki pi apwopriye pou timoun nan.

TRANZISYON

Tranzisyon yo se yon pati ki enpòtan anpil nan lavi yon timoun epi yo pi fasil pou timoun yo lè yo santi yo konfòtab epi an sekirite konsènan kote yo prale a ak ki moun ki pral pran swen yo la. ABCD Head Start & Children's Services kwè ke tranzisyon yo pi fasil pou fanmi yo lè yo gen enfòmasyon apwopriye epi yo patisipe nan pwosesis la.

TRANZISYON KOTIDYEN: Tranzisyon kotidyen yo enkli rive, tranzisyon ant aktivite kotidyen, ak depa. Pwofesè yo ede timoun yo ak tranzisyon ant aktivite yo pandan tout jounen an. Pwofesè yo pral revize regilyèman règ sekirite ak timoun yo epi idantifye adilt ki responsab pou chak tranzisyon ant aktivite yo. Tranzisyon yo trete kòm eksperyans aprantisaj epi pwofesè yo pral bay timoun yo eksperyans edikatif pou elimine atant pou yon dire ki long.

TRANZISYON SOTI NAN EARLY HEAD START: Pèsonèl Early Head Start la pral kòmanse travay ak fanmi yo sis mwa anvan tranzisyon yon timoun nan lekòl preskolè pou asire yon pwosesis tranzisyon soup soti nan pwogram lan. Timoun Early Head Start yo ka re-aplike pou fè tranzisyon nan yon salklas preskolè Head Start lè yo rive nan laj dezan ak nèf mwa. Aplikasyon pou Head Start ta dwe ranpli byen anvan yon timoun gen dezan ak nèf mwa ak Espesyalis ERSEA nan sant Head Start prefere fanmi an. Si yo detèmine ke yon timoun bezwen sèvis aprantisaj espesyalize, pèsonèl pwogram yo pral travay ak Entèvansyon Prekòs pou fasilite tranzisyon an nan sistèm lekòl piblik lokal la. Si fanmi an enterese nan lòt gadri preskolè ki pa pèsonèl Head Start pral fè referans apwopriye epi ede nan tranzisyon nan pwochen anviwònman edikatif yo a.

TRANZISYON NAN JADENDANFAN: ABCD Head Start & Children's Services rekonèt enpòtans yon tranzisyon san pwoblèm nan jadendanfan oswa pwochen etap edikatif timoun nan. Pèsonèl Sant lan ede pwosesis sa a nan fason sa yo:

- Pwofesè yo diskite sou plan tranzisyon yo ak fanmi yo pandan premye vizit lakay dènye ane timoun nan nan pwogram lan.
- Pèsonèl pwogram lan diskite sou aktivite tranzisyon yo epi elabore plan tranzisyon pandan livè dènye ane timoun nan nan pwogram lan.
- Sant yo òganize evènman enfòmasyon sou Jadendanfan. Sesyon sa yo sansib pou bezwen lengwistik fanmi yo.
- Pòtpawòl Fanmi yo travay ak fanmi yo pou ede yo ak pwosesis pre-enskripsyon an lè y ap aplike pou yon plas nan Jadendanfan nan sistèm lekòl piblik lokal yo. Yo pral ede tou ak enskripsyon nan Jadendanfan pou lòt opsyon tankou Charter Schools, Lekòl Pawasyal, METCO oswa lekòl prive.
- Paran yo resevwa aktivite ak liv pou ede timoun yo prepare yo pou Jadendanfan.
- Pwofesè ak timoun yo pale sou eksperyans nan jadendanfan. Yo ka vizite lekòl piblik lokal la. Nan kèk ka, pwofesè lekòl piblik yo vizite salklas preskolè yo.

KITE ANVAN ANE PWOGRAM LAN FINI: Si pou kèlkeswa rezon an, yon timoun dwe kite pwogram lan anvan fen ane lekòl la, pwofesè yo ede timoun yo di zanmi li yo orevwa. Yo fè timoun nan konnen nan ki pwen li espesyal epi nan ki pwen li te yon plezi pou te genyen li nan klas la. Timoun yo souvan pran travay atistik oswa foto pou ede yo sonje eksperyans yo nan pwogram lan.

SEKIRITE TIMOUN

SIPÈVIZYON TIMOUN: Sekirite timoun yo se premye epi pi enpòtan responsablite chak manm pèsonèl la. Yo sipèvize timoun yo ak je ak zòrèy toutan nan salklas la, nan twalèt yo, lakou rekreyasyon, pak, ak nan pwomnad yo. Okenn timoun pa gen dwa antre oswa soti nan bilding lan san yon adilt otorize.

TAN DEYÒ: Timoun yo ale deyò chak jou si tan an pèmèt li. Pandan mwa prentan ak ete yo, pwogram lan bay krèm pwotèj kont solèy ak pèmasyon paran yo epi yo pase li sou po timoun laj sis mwa oswa plis yo anvan yo ale deyò. Pèsonèl pwogram yo kontwole kondisyon metewolojik yo pou asire sante ak sekirite timoun yo nan moman planifikasyon jwèt deyò. Pèsonèl la itilize Child Care Weather Watch Chart (Tablo Siveyans Meteyolojik Gadri) a pou detèmine lè timoun yo pa ta dwe jwe deyò akòz frede oswa chalè ekstrèm.

ANVIWONMAN SEKIRIZE: ABCD Head Start & Children's Services ofri timoun yo yon anviwonman emosyonèl ak fizik sekirite. Enspeksyon sanitè ak sekirite fèt sou yon kotidyen ak mansyèl, nan itilize plizyè lis verifikasyon konplè pou asire yon anviwonman aprantisaj ki sekirite ak sanitè. Lakou rekreyasyon ak lòt zòn jwèt aktif yo enspekte anvan chak itilizasyon. Lakou rekreyasyon yo enspekte tou yon fwa pa ane pa yon enspektè lakou rekreyasyon sètifye epi yon fwa pa Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an. Si w gen nenpòt kesyon kosènan enspeksyon sanitè ak sekirite yo, pa ezite kontakte Direktè Sant lan.

Pou asire sekirite tout timoun ki nan pwogram lan, timoun yo pa gen dwa mete anyen ki reprezante yon danje pou yo menm oswa pou lòt moun. Bijou, kòdon, ak kòd ka prezante yon risk pou trangle. Lòt bijou ak grenn pèl ka reprezante yon risk pou toufe oswa vin danjere apre yon kontak nòmal ki fèt pandan jwèt ak aktivite. Yo pa pèmèt okenn fòm bijou oswa akseswa nan yon salklas oswa nan lakou rekreyasyon an. Si yon timoun vini ak nenpòt nan bagay sa yo sou li, yo pral mande paran an pou retire atik la.

Tanpri pa kite yon timoun pote okenn lajan, sirèt, bijou oswa jwèt nan lekòl la. **Okenn zam jwèt pa otorize nan lekòl la.**

Tout vizitè, ansanm ak pèsonèl la ak timoun yo, dwe konpòte yo nan yon manyè ki sipòte yon anviwonman sekirite. Nenpòt moun ki montre yon konpòtman ki pa apwopriye oswa ki pa an sekirite ka pèdi dwa pou antre nan salklas la, nan bilding lan, oswa ka menm jwenn sispansyon nan pwogram lan. Tout sant ABCD Head Start & Children's Services yo pa gen tabak, dwòg, alkòl ak zam afe.

SEKIRITE PYETON: Pandan tout ane pwogram nan, pèsonèl la diskite sou enpòtans sekirite pyeton pou timoun piti yo. Timoun yo aprann prekosyon sekirite lè yo deyò sant lan. Prekosyon sa yo enkli travèse lari an sekirite, ki sa siy lari yo vle di, limyè trafik yo ak siyal "mache", "pa mache".

SEKIRITE VEYIKIL: ABCD Head Start & Children's Services gen anpil enkyetid konsènan sekirite timoun yo toutan. Kite timoun yo poukont yo nan yon machin, pa itilize senti sekirite apwopriye oswa chèz machin ki apwopriye pou laj yo, konsidere kòm neglijan anvè timoun epi ki ka lakòz domaj grav epi konsa pral rapòte bay Depatman Timoun ak Fanmi an (DCF). Si w bezwen resous pou jwenn yon chèz machin apwopriye, tanpri pale ak Pòtpawòl Fanmi w lan.

PWOSEDI IJANS NAN PWOMNAD: Pwomnad yo ka enkli mache nan yon pak lokal oswa pran yon otobis oswa transpò MBTA pou ale nan yon fèm oswa yon mize. Chak ekip ansèyman pote yon twous premye swen pòtab ki enkli materyèl pou premye swen, fòm konsantman pou ijans medikal ak transpò, medikaman pou ijans; nimewo telefòn ijans paran yo ak nimewo telefòn moun pou kontakte nan ka ijans lan. Pèsonèl la ki resevwa fòmasyon ak/ oswa pèsonèl ijans an plas la bay premye swen ijans ak RCP, si sa nesèsè.

SEKIRITE TIMOUN

EVAKYASYON IJANS: Chak sant gen yon plan ijans konplè. Tout pèsonèl la ak volontè yo resevwa fòmasyon nan pwosedi evakyasyon ijans. Plan evakyasyon yo afiche nan chak pòt ak sòti. Nan ka yon ijans, tout volontè ak paran dwe suiv enstriksyon pèsonèl pwogram nan. Si w gen kesyon konsènan Plan Kontenjans Ijans sant ou an, ou ka mande Direktè Sant ou an. Tanpri mande pèsonèl pwogram yo sou zòn evakyasyon ijans yo. Nan ka yon ijans, ou ka bezwen vin chèche pitit ou a nan yon andwa ki pa sant lan.

Nan ka yon ijans (tankou move tan) ABCD Head Start & Children's Services itilize sistèm SchoolMessenger pou alète paran ak gadyen yo. SchoolMessenger pral voye bay paran/gadyen (yo) yon apèl telefòn otomatize oswa yon mesaj tèks ak enfòmasyon ki enpòtan.

Pwofesè ak Pòtpawòl Fanmi yo dwe kapab jwenn paran yo nenpòt lè. Paran yo dwe kenbe nimewo telefòn yo ajou, tankou non, nimewo telefòn ak adrès imel kontak nan ijans yo.

PREVANSYON AK PWOSEDI IJANS NAN KA DIFE:

- Yo enspekte aparèy pou etenn dife yo regilyèman. Yo mete yo kote yo ka jwenn yo fasilman men ki pa aksesib pou timoun yo.
- Zòn soti yo make klèman epi yo pa bloke ak mèb, jwèt ak/oswa lòt objè.
- Shema zòn soti yo ak wout evakyasyon yo afiche nan chak sal ak nan chak zòn soti.
- Pèsonèl la ak timoun yo pratike egzèsis dife yon fwa pa mwa. Pratik ede pèsonèl la ak timoun yo evakye bilding lan byen vit. Egzèsis dife yo fèt nan konfòmite ak egzijans enspektè dife yo.
- Tout etablisman ABCD yo se anviwònman san fimen. Fimen pa otorize nan bilding lan oswa sou teren an. Anpil timoun afekte pa lafimen dezyèm ak twazyèm men, sitou si yo gen nenpòt pwoblèm respiratwa. Pwogram nan ofri asistans pou fanmi ki vle sispann itilize pwodui tabak. Wè Sipèvizè Angajman Fanmi ak Kominotè w la si w ta renmen resevwa enfòmasyon ak sipò.
- Nimewo telefòn ponpye ak lapolis afiche bò kote chak telefòn.
- Detektè lafimen yo teste omwen chak trimès.

SWEN IJANS: Tout pèsonèl edikatif la sètifye nan premye swen pou timoun ak adilt ak RCP. Yo ofri tout pèsonèl la fòmasyon kontinyèl ak revizyon anyèl pwosedi sante yo regilyèman.

Nan ka yon ijans, yo bay premye swen epi yo transpòte timoun nan nan etablisman medikal ki pi pre a (si sa nesèsè). Yo kontakte paran yo imedyatman pou nenpòt aksidan ki mande swen ijans. Pèsonèl pwogram yo ranpli yon Rapò Blesi/Ensidan epi rapòte tout ka ki enplike entèn lopital oswa tretman medikal ijan nan biwo santral ABCD ak Depatman Edikasyon ak Swen Prekòs Massachusetts la.

Pou blesi minè pandan jounen lekòl la, pwofesè yo bay premye swen epi ranpli yon Fòm Rapò Blesi/Ensidan pou paran an siyen nan fen jounen lekòl la. Pwofesè yo, Pòtpawòl Fanmi yo, oswa Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon yo ka rele pou enfòmasyon paran yo sou blesi minè pandan jounen pwogram lan.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan règleman sa yo, oswa si nenpòt lè ou gen enkyetid sou sante ak sekirite pitit ou a, tanpri kontakte Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon sant ou an pou asistans. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan chak sant nan Manyèl Sante ak Sekirite a.

RAPÒTE BLESİ/ENSİDAN: Timoun yo toujou aktif epi blesi ka rive epi rive. Swayan yo ka redui risk pou yo blese nan asire yon anviwònman sekirize ak sipèvizyon adekwat timoun yo toutan. Yon anviwònman sekirize pèmèt timoun yo aprann nan pran risk epi bay tèt yo defi pandan y ap pwoteje tèt yo kont aksidan. Nan ka blesi, pèsonèl la pral notifiye paran/gadyen an imedyatman epi ranpli yon Fòm Rapò Blesi/Ensidan. Paran/gadyen an dwe revize fòm nan epi siyen li.

ABI AK NEGLIJANS ANVÈ TIMOUN

Sekirite ak byennèt timoun ki patisipe nan pwogram nou an se objektif prensipal ABCD Head Start & Children's Services. Sant nou yo fyè pou yo ofri anviwònman bon jan kalite ki sekirize. Antanke yon ajans k ap sèvi timoun piti, tout pèsònèl la gen obligasyon pou rapòte nenpòt abi ak neglijan sispèk anvè timoun nan konfòmite ak lwa Eta a.

Depoze yon rapò abi oswa neglijan (51A) pa fèt nan objektif pou pini fanmi an men nan objektif klè pou pwoteje timoun nan. Lè Sant lan depoze yon 51A nan non yon timoun, yo fè tout efò pou notifiye paran an anvan yo rele Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) pou bay sipò, enfòmasyon, ak asistans atravè pwosesis la.

Si pou nenpòt rezon yon pèsònèl pwogram lan oswa yon paran sispèk ke yon timoun te sibi abi oswa neglijan pa yon manm pèsònèl la, Sant lan kòmanse pwosedi ki anba yo:

- Ensidan yo sispèk la kominike imedyatman bay sipèvizè a ak/oswa Direktè Sant lan ak yon pèsònèl biwo santral.
- Yo retire manm pèsònèl la nan salklas la ak aksè a timoun yo pandan y ap tann rezilta yon ankèt entèn.
- Nan espas 24 èdtan, yo konvoke yon reyinyon ak ekip direksyon apwopriye a ak moun ki pote plent lan epi pwogram nan enfòm Depatman Edikasyon ak Swen Prekòs a (EEC) sou akizasyon an.
- Yon fwa investigasyon entèn nan fini, yo pataje dokimantasyon ekri a ak EEC & DCF.
- Si akizasyon yo verifye, gen mezi disiplinè ki pran.

Si w gen nenpòt enkyetid konsènan nenpòt pèsònèl oswa konsènan sekirite pitit ou a, tanpri kontakte yon sipèvizè oswa Direktè Sant ki nan sant lan.

SANTE AK NITRISYON TIMOUN

Sante

Yon bòn sante se yon eleman enpòtan nan devlopman chak timoun. Pou ka ofri yon anviwònman sekirize ak sanitè pou chak timoun, ABCD konfòme li ak règleman etatik ak federal yo, epi mande paran yo prezante dokiman sou egzamen fizik pitit yo a ak rezilta divès tès medikal. Egzamen fizik yon timoun ta dwe enkli enfòmasyon sou limitasyon fizik, enkyetid oswa kondisyon medikal ak/oswa nitrisyonèl, alèji, ak suivi ak tretman kontinyèl.

EGZIJANS SANTE AK DOKIMANTASYON: Yon egzamen anyèl obligatwa pou kontinye patisipe nan pwogram pou timoun laj preskolè ak pi souvan pou tibebe ak timoun piti. Paran yo oblije prezante dokimantasyon sou vaksinasyon ajou pitit yo, yon egzamen fizik konplè oswa yon vizit kontwòl pou timoun yo, ki enklievalyasyon fizik, ematokrit oswa emoglobin, nivo plon, tansyon, odisyon, tès depistaj vizyon nan frekans ki endike nan kalandriye Depistaj, Dyagnostik ak Tretman Prekòs ak Peryodik (EPSDT) dapre laj timoun nan. Tès TB/evalyasyon risk obligatwa pou tout timoun laj preskolè ak pou tibebe/timoun piti (ki gen plis pase 1 an). Pèsònèl la pral raple paran yo egzamen ki pral ekspire talè konsa. **Gade Anèks A pou yon Kalandriye Vizit Medikal ak Egzamen Fizik pou Timoun.**

SANTE AK NITRISYON TIMOUN

Si w gen kesyon konsènan kalandriyeVaksinasyon Timoun pou gwoup laj pitit ou a oswa pou nenpòt lòt pwoblèm sante, tanpri kontakte pedyat pitit ou a oswa Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon sant ou an. **Gade Anèks B pou Kalandriye Vaksinasyon ki Rekòmande pou Moun Laj 0-18 An.**

Pèsonèl pwogram nan pral kolabore ak fanmi yo pou ede yo jwenn dokimantasyon ki nesèsè pou patisipe nan pwogram lan. Fanmi sanzabri yo pral gen plis tan pou yo pwodui dokimantasyon medikal ki nesèsè, epi yo pa pral anpeche yo enskri pou rezon otorizasyon medikal. Osito ke Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an te pote dokiman yo mande yo nan sant lan epi te revize li epi li jije ke li satisfè egzijans yo, timoun nan pral medikalman otorize pou patisipe nan salklas la. Men dokiman sante yo ki obligatwa:

- Dosye vaksinasyon ajou
- Rezime vizit medikal timoun nan dapre laj li
- Ematokrit ak/oswa tès depistaj emoglobin: ta dwe fèt ant 9-12 mwa epi chak dezan apre sa.
- Depistaj Plon: premye tès depistaj la ta dwe fèt ant laj 9-12 mwa, apre sa chak ane nan laj 2, 3 ak 4 an.
- Depistaj vizyèl: ta dwe fèt chak ane
- Depistaj oditif: ta dwe fè chak ane
- Tansyon: ta dwe fèt a chak vizit kontwòl timoun nan apati laj 3 an.
- Rezime egzamen dantè ki pi resan

EGZIJANS AK DOKIMANTASYON POU SANTE ORAL (BOUCH/DANTÈ): Tout timoun laj 12 mwa oswa plis dwe gen dokimantasyon pou yon egzamen dantè nan dènye ane ki sot pase a epi soumèt prèv nan 90 jou apre enskripsyon an. Lè sa nesèsè, yo dwe soumèt dokimantasyon sou tretman dantè tou.

SÈVIS SANTE ORAL: Swen sante oral regilye se yon egzijans pou tout timoun ki enskri nan Early Head Start oswa Head Start. Swen sante oral enpòtan anpil pou sante yon timoun ak preparasyon li pou lekòl. Lè yon fanmi pa gen aksè nan oswa poko etabli yon sèvis dantè regilye, pèsonèl sèvis sante ak nitrisyon an travay ak founisè swen dantè kominotè yo pou bay timoun yo sèvis sante oral debaz pandan y ap patisipe nan swen pwogram lan. Dantis ak ijyen lisansye ofri netwayaj konplè ak tretman fliyò nan pwogram pitit ou a, epi yo pral fè yon referans pou swen adisyonèl oswa suivi lè sa nesèsè. Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon yo ka ede fanmi yo òganize sèvis dantè siplemantè atravè divès sant dantè nan tout rejyon Boston ak Mystic Valley a. Yo pral mande paran yo siyen yon fòm konsantman pou pitit yo ka resevwa sèvis dantè nan pwogram lan.

PLAN SWEN SANTE ENDIVIDYÈL/PLAN AKSYON AK MEDIKAMAN: Tout sant dwe kenbe, nan kad dosye yon timoun, yon Plan Swen Sante Endividyèl (IHCP) oswa Plan Aksyon pou chak timoun ki gen yon maladi kwonik ke yon founisè swen sante lisansye te dyagnostike. Yon IHCP asire li ke yon timoun ki soufri yon maladi kwonik resevwa sèvis swen sante li ka bezwen pandan l ap patisipe nan pwogram lan. Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon yo jwenn yon IHCP nan kolaborasyon ak paran/gadyen yo, edikatè yo ak pwofesyonèl swen sante lisansye timoun nan, ki dwe otorize IHCP a, sa ki pèmèt pwogram lan pran swen timoun nan yon fason apwopriye. Si yo te preskri pitit ou a medikaman pou kondisyon li a, paran/gadyen an dwe bay pwogram lan medikaman preskri a nan resipyan orijinal famasi a, ak etikèt preskripsyon an kole sou li. Tout medikaman dwe otorize pa founisè medikal timoun nan ak paran/gadyen an sou fòm yon Fòm Otorizasyon Medikaman ki siyen. Si w gen kesyon konsènan IHCP oswa Medikaman, tanpri kontakte Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon pwogram ou an.

SANTE AK NITRISYON TIMOUN

ASISTANS POU FOUNISÈ SANTE AK ASIRANS: Pèsonèl pwogram lan pral travay ak fanmi yo pou asire ke tout timoun yo enskri nan yon plan asirans sante epi yo gen yon fwaye medikal. Si yon timoun pa gen yon doktè oswa yon dantis kounye a, Pòtpawòl Fanmi an ak/oswa Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an pral ede paran an jwenn sèvis sante ak/oswa dantè apwopriye. Nan kad aksan Pwogram nan mete sou bon pratik sante, Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon travay ak timoun nan, pwofesè timoun nan, ak paran an pou satisfè bezwen sante fanmi an. Sèvis sa yo ka enkli atelye paran, fòmasyon pèsonèl la, bilten, vizit lakay, konsiltasyon, oswa lòt sèvis sipò lè sa nesèsè oswa sou demann paran ak pèsonèl la.

KOMINIKASYON PARAN/PÈSONÈL: Paran yo ta dwe kominike regilyèman ak pèsonèl la konsènan sante pitit yo. Paran yo ta dwe enfòme pèsonèl la imedyatman si pitit yo gen nenpòt pwoblèm sante oswa medikal tankou yon piki bèt, li te resevwa kouti oswa yon anplat pou yon blesi, maladi tankou bwonchit oswa lafyèv, epi si timoun nan ap pran nenpòt medikaman, menm si li pa pran medikaman an pandan lè klas la. Sa a se pou sante ak sekirite kontinyèl timoun nan. Nou mande ke si pitit ou a malad, ou alète pwogram lan imedyatman nan rele oswa voye yon imel bay Direktè Sant lan oswa reprezantan li.

KONTÒL SANTE KOTIDYEN: Pwofesè yo fè yon kontòl sante kotidyen pou chak timoun nan antre nan salklas la. Pwofesè a diskite imedyatman sou nenpòt enkyetid ak paran an epi dokimante enkyetid yo nan yon Rapò Ensidan/Blesi. Si yon pwofesè konstate ke yon timoun pa byen pandan jounen an, pwofesè a oswa lòt pèsonèl ka fè yon premye evalyasyon sante. Ansuit, pwofesè a enfòme Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an, ki pral evalye timoun nan epi decide si li apwopriye pou voye timoun nan lakay li. Timoun yo repoze trankilman epi manm pèsonèl la rekonfòte nan jiskaske dispozisyon pran ak paran yo pou yo vin chèche timoun nan.

PREKOSYON INIVÈSÈL: Sant Etazini pou Kontwòl Maladi te konsewva mezi, ki rele prekosyon inivèsèl, pou anpeche pwopagasyon enfeksyon ki transmèt nan san tankou Viris Imino Defisyans Imen (VIH) ak Epatit B (HBV). Prekosyon inivèsèl yo pa anpeche pwopagasyon maladi ki transmèt nan lè a (tankou lawoujòl ak tibèkiloz) oswa maladi ki gen orijin alimantè. "Inivèsèl" pa vle di ke prekosyon sa yo pwoteje kont tout enfeksyon; sa vle di ke **tout moun ta dwe itilize yo.**

- Gwoup moun favorize pwopagasyon enfeksyon. Règleman Depatman Edikasyon ak Swen Prekòs mande pou gen omwen 35 pye kare espas atè a pou chak timoun. Pèsonèl pwogram yo ta dwe planifye orè salklas yo pou evite ke timoun yo pa anpile youn sou lòt nan yon ti espas.
- Etènye epi touse lwen lòt moun. Aprann timoun yo etènye oswa touse nan koud bra yo. Lè w etènye oswa touse nan men w oswa nan yon mouchwa, lave men w.
- Pa kite yo pataje objè pèsonèl (tas, bwòs dan, peny, elatriye), rad (tankou chapo), oswa tapi pou dòmi ak zòrye.

PLAN POU PRAN SWEN TIMOUN KI LEJÈMAN MALAD NAN SANT LAN: Lè yon timoun piti malad lejèman, Direktè Sant lan oswa reprezantan li a pral kontakte paran timoun nan. Si yo pa ka jwenn paran yo, Direktè Sant lan oswa reprezantan li a pral kontakte moun pou kontakte nan ka ijans lan pou timoun nan.

Paran an dwe vin chèche timoun nan osito ke posib apre yo te fin avèti li. **Paran yo dwe enfòme Pòtpawòl Fanmi yo sou chanjman ki fèt nan nimewo kontak ijans ak imel yo.** Si angajman pwofesyonèl oswa distans anpeche w vin chèche pitit ou a nan inèdtan, yo fè lòt aranjanman. Aranjanman altènatif dwe an plas anvan pou pitit ou a antre nan pwogram nou an epi yo pral rete an plas pandan timoun nan rete nan lekòl la.

SANTE AK NITRISYON TIMOUN

SA KI ANBA YO SE YON GID JENERAL POU METE RESTRIKSYON SOU AK RETOU TIMOUN YO NAN PWOGRAM LAN:

- Pwofesè/Pòtpawòl Fanmi an dwe kontakte Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an, si yo bezwen voye yon timoun nan sant yo lakay li.
- Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an pral evalye chak ka endividyalman.
- Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an dwe notifiye Kowòdonatè Sèvis Sante a imedyatman sou ka maladi ki dwe rapòte nan sant lan. Yo pral rapòte ka sa yo bay departman sante lokal oswa Departman Sante Piblik Massachusetts la, nan konfòmite ak direktiv sante piblik yo.
- Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an pral voye yon timoun lakay li oswa pou yon evalyasyon medikal nan konfòmite ak direktiv ki anba a. Esklizyon yo ka modifiye nan ka epidemi oswa gwoupman maladi.

Lè yo idantifye yon ka konfime de yon maladi kontajye, yo pral notifiye tout paran timoun yo ki te ka ekspozè epi yo ba yo yon lèt ki gen enfòmasyon sou maladi a, sentòm pou yo chèche, ak règleman esklizyon sant ki lye ak maladi a. Pèsonèl sant lan pral kòmanse tout prekosyon espesyal kont maladi enfektye ki nesèsè pou maladi sa a jan Kowòdonatè Sèvis Sante a mande li a.

Chak fwa yon timoun genyen oswa sispèk li ka genyen yon maladi kontajye (tankou COVID-19, enfeksyon strèptokosik nan gòj, varisèl, lawoujòl, pou nan tèt, elatriye), paran an (yo) dwe rele sant lan imedyatman. Notifikasyon sa a enpòtan anpil pou pwoteje sante lòt timoun yo ak pèsonèl la ki nan pwogram lan, paske pwogram lan pral avèti tout paran ki gen timoun yo ki te ekspozè pou yo ka pran prekosyon ak mezi apwopriye. Lèt sa a ofri konsèy nan ka yon timoun ta tonbe malad.

Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an pral evalye chak ka maladi kontajye ak maladi ki pa kontajye epi li pral mande paran yo dokimantasyon medikal si sa nesèsè. Tout enfòmasyon paran yo bay yo rete konfidansyèl.

Restriksyon Sanitè

Pwogram lan ka mande pou yon timoun tanporèman entèdi patisipe nan pwogram lan pou byennèt li ak byennèt lòt timoun akòz yon kondisyon medikal. Nan ka sa yo, pèsonèl pwogram lan pral travay ak paran yo pou fasilite yon timoun retounen nan pwogram nan.

RÈGLEMEN RESTRIKSYON COVID-19: Rediksyon risk enfeksyon COVID-19 pou pèsonèl la, timoun yo ak fanmi yo pran yon apwòch sante piblik ki gen plizyè nivo. Vaksinasyon, vantilasyon, sanitasyon ak pratik ijyèn apwopriye, ak rete lakay ou lè w malad esansyèl pou rediksyon maladi transmisib yo pou timoun ak adilt yo, ki se pwoblèm sante ki rive pi souvan nan etablisman swen an gwoup yo. Nou ankouraje tout pèsonèl ABCD Head Start & Children's Services pou yo pran vaksen kont viris COVID-19 la, epi nou ankouraje tout fanmi pou yo vaksinen timoun ki gen laj ki kalifye pou COVID-19 tou.

Pèsonèl la ede timoun yo jan sa nesèsè pou yo itilize bon teknik pou lave men yo jan yo idantifye nan Pwosedi Ijyèn Men yo, ki detaye nan Anèks K nan Manyèl Sante ak Sekirite a. Ansèy yo afiche bò chak lavabo ki di lè ijyèn men obligatwa ak etap yo dwe suiv. Si lave men pa disponib, yon dezenfektan men ki gen omwen 60 pousan etanòl oswa omwen 70 pousan alkòl izopropilil ka itilize, jan sa apwopriye, pou timoun laj 24 mwa ak plis, depi gen konsantman ekri paran/gadyen an. Yo dwe suiv Gid ak Pwosedi pou dezenfektan men yo ki nan Anèks L nan Manyèl Sante ak Sekirite a si ak lè yo itilize dezenfektan men yo. Tout pwogram yo suiv pwosedi netwayaj kotidyen ki endike nan seksyon Netwayaj Kotidyen nan Manyèl Sante ak Sekirite a. Rete lakay nou lè nou malad ka redui anpil risk pou pwopagasyon maladi enfektye, epi bay moun ki malad la tan pou li repoze epi geri. Tout pèsonèl la dwe rete lakay

SANTE AK NITRISYON TIMOUN

yo lè yo montre sentòm maladi. Fanmi yo tou dwe rapòte lè pitit yo montre sentòm epi pou yo kenbe timoun yo lakay yo jiskaske sentòm yo disparèt san itilizasyon medikaman pou 24 èdtan. Nenpòt pèsònèl oswa timoun ki teste pozitif pou COVID-19 dwe rapòte sa bay direksyon pwogram lan. Lè yo enfòmè direksyon pwogram lan oswa lòt pèsònèl deziyen sou yon timoun oswa yon lòt pèsònèl ki teste pozitif, yo dwe soumèt "Fòm pou Rapò sou COVID-19" la epi bay tout enfòmasyon enpòtan ak obligatwa. Ansuit, yo itilize enfòmasyon sa yo pou rapòte ka a bay konsèy sante lokal la lè sa apwopriye.

Vaksinasyon

Nan bi pou pwoteje sante ak sekirite tout pèsònèl li yo, ABCD rekòmande pou tout pèsònèl, volontè ak kontraktè yo pran vaksen kont COVID-19 regilyèman jan CDC rekòmande a.

Mete mask

Toujou mete yon mask ki byen ajiste epi kòrèkteman diminye risk pou simaye viris respiratwa yo. Nenpòt moun ki chwazi mete yon mask pral jwenn sipò nan desizyon yo a. Mete yon mask rekòmande lè viris respiratwa tankou COVID-19 ak sentòm tankou touse oswa etènye prezan nan pwogram lan, espesyalman lè yo okouran yon ekspozisyon oswa lè yo bò kote yon moun ki gen sistèm iminitè li konpwomèt. Nenpòt moun ki te teste pozitif ta dwe mete mask pou omwen 5 jou apre lafyèy la fini epi lòt sentòm yo amelyore lè yo retounen nan pwogram lan.

Vantilasyon

Tout pwogram ki pa t ko genyen yon sistèm HVAC ak pirifikasyon lè ki enstale, ak pwogram kote vantilasyon lè deyò atravè yon fenèt pa t disponib oswa posib, te resevwa pirifikatè lè. Tout pyès yo ayere ak lè fre ki soti deyò otanke posib dapre to ak metòd ki te detèmine pa kontraktè HVAC nou an nan konfòmite ak estanda nasyonal okipasyon pyès la.

Tès COVID-19

Nan yon efò pou ofri yon kouch pwoteksyon sipleman pou anpeche pwopagasyon COVID-19 la ak nan yon tantativ pou diminye kantite fèmte salklas yo, nou te mete an plas yon opsyon tès lakay. Si yon timoun ekspoze a viris COVID-19 la pandan l ap patisipe nan pwogram lan, yo pral bay paran oswa gadyen timoun yo ki chwazi patisipe yon twous tès ke yo ka itilize pou teste timoun nan lakay li. Patipasyon an fèt volontèman men nou ankouraje li. Pwogram fè tès la bay apeprè 3 tès pou chak timoun ki ekspoze. Tès yo dwe fèt pa yon paran oswa gadyen, men non pa pèsònèl pwogram lan, epi yo ta dwe fèt kòmanse jou 6 apre ekspozisyon an. Apre tès la, yo pral mande paran oswa gadyen yo pou yo ranpli yon fòm atestasyon pandan antre/depoze nan maten, pou yo anrejistre rezilta tès la ak sentòm timoun nan genyen oswa pa genyen.

Endividi, ki enkli timoun, ki gen sentòm yo dwe teste osito ke posib. Yon tès PCR pi rekòmande si li disponib, sepandan tès Antijèn yo tou itilize anpil epi rekòmande. Si yon moun montre sentòm epi li gen yon tès antijèn negatif, li dwe refè tès la apre 48 èdtan oswa fè yon PCR osito ke posib. Si yon moun te ekspoze a COVID-19 men li pa montre okenn sentòm, li dwe fè tès nan 6 jou apre ekspozisyon an.

Lè w ap fè yon tès antijèn:

Si tès la negatif, fè yon lòt tès antijèn apre 48 èdtan oswa fè yon PCR osito ke posib.

Si dezyèm tès antijèn la negatif, tann yon lòt 48 èdtan epi fè tès la yon twazyèm fwa.

Kritè Restriksyon pou COVID-19

Nenpòt timoun oswa pèsònèl ki teste pozitif pou COVID-19 dwe rete lakay li jiskaske sentòm yo disparèt epi yo pa gen lafyèy san pran medikaman pou 24 èdtan. Pèsònèl ki teste pozitif pandan y ap travay nan pwogram lan dwe ale lakay yo imedyatman. Pou yon lis sentòm aktyèl COVID-19, tanpri klike la a.

Yo pral lakay yo tout timoun ki montre sentòm lafyèy epi pral mande pou yo fè tès pou COVID-19. Pwogram yo ta dwe bay paran/gadyen yo kit tès si sa nesèsè. Paran/responsab yo dwe kontakte pedyat oswa fwaye medikal pitit yo a pou yon evalyasyon oswa konsèy sipleman. Si yon timoun teste pozitif pou COVID-19, yo pral mande pou li rete lakay li jiskaske li pa gen lafyèy pandan 24 èdtan san li pa pran medikaman epi li kapab mete mask kòrèkteman.

SANTE AK NITRISYON TIMOUN

Rete Lakay

Timoun ak pèsonèl ki te teste pozitif pou COVID-19 dwe rete lakay yo jiskaske sentòm yo amelyore, epi yo pa gen lafyèw san yo pa pran medikaman pou omwen 24 èdtan. Paran/responsab yo dwe notifiye pwogram pitit yo a si pitit yo teste pozitif. Si sentòm yo amelyore, epi yo pa gen lafyèw pou 24 èdtan san yo pa itilize medikaman pou redui lafyèw, epi yo kapab mete yon mask sistematikman nan kad pwogram lan, yo ka retounen nan pwogram lan. Endividi a dwe mete mask pandan omwen 5 jou apre lafyèw la tonbe epi lòt sentòm yo amelyore pou tout senaryo, konsèy sante lokal la rekòmande pou yo kalkile dire izòlman an apati dat premye tès pozitif pou COVID-19 yo te fèt la.

Ekspozisyon: Timoun ak pèsonèl ki te ekspoze a COVID-19, kèlkeswa estati vaksinasyon yo, pa oblije fè karantèn lakay yo sof si yo gen sentòm ki sanble ak COVID. Olye de sa, yo pral bay timoun yo oswa pèsonèl ki te ekspoze nan pwogram lan twous tès pou tès lakay yo nan jou 6 apre ekspozisyon an te fèt la. Timoun oswa pèsonèl ki pa ka rete lwen yon moun ki pozitif pou COVID-19 lakay yo epi konsa ekspoze kontinyèlman ka mande pou yo mete yon mask pandan yo nan pwogram lan epi fè tès pou yon peryòd pwolonje.

ABCD Head Start & Children's Services rezève dwa pou mete ajou konsèy sa a, epi pou mande pou tout pèsonèl ak timoun yo itilize mask yo toutan, sou baz direktiv CDC, etatik ak lokal yo.

MANKE PATISIPASYON NAN AKTIVITE KLAS YO: Anpil maladi viral ak bakteryèl kòmanse ak fatig, feblès, manke apeti, ak lòt sentòm ki pa espesifik. Si yon timoun pa ka patisipe nan aktivite regilye klas la, yo ka voye l lakay jiskaske li santi li byen ase pou li patisipe nan pwogram lan. Yo dwe kontakte ResponsabSèvis Sante ak Nitrisyon an pou evalye kondisyon sante timoun nan.

LAFYÈW: Yo pral voye yon timoun lakay li si li gen yon tanperati 100.0°F/37.78°C oswa pi wo. Yon timoun pa dwe retounen nan pwogram lan jiskaske tanperati li nòmal epi timoun nan pa gen sentòm pou 24 èdtan san li pa pran medikaman.

DYARE: Dyare defini pa yon poujou dlo ki pa asosye ak chanjman nan rejim alimantè. Yo dwe eskli timoun nan nan pwogram lan si poujou a pi ikid ke dabitid pou timoun nan epi timoun nan gen de poujou oswa plis oswa pi wo ke rit nòmal li nan yon jounen. Esklizyon an obligatwa pou tout timoun nan kouchèt ki gen poujou yo pa rete nan kouchèt la oswa timoun nan gen de oswa plis poujou ke nòmal pou timoun sa a. Timoun nan ka retounen apre poujou yo fòme epi timoun nan pa gen sentòm pou 24 èdtan san li pa pran medikaman. Si dyare a pèsiste, paran yo dwe kontakte founisè swen sante prensipal pitit yo a.

- **San nan poujou** ki pa ka eksplike ak yon chanjman nan rejim alimantè, medikaman oswa poujou di. Yo dwe refere timoun nan bay founisè swen sante li pou yon evalyasyon.

MALADI VOMISMAN: Yo ta dwe eskli timoun nan si te gen 2 epizòd vomisman oswa plis pandan dènye 24 èdtan yo. Yon epizòd vomisman ki mache ak lafyèw oswa maltèt grav mande esklizyon. Yo dwe refere paran yo bay founisè swen prensipal timoun nan.

DOULÈ NAN VANT KI PÈSISTAN (kontinye pou plis pase 2 èdtan): oswa doulè tanzantan ki asosye ak lafyèw oswa lòt sij oswa sentòm. Yo dwe refere paran yo bay founisè swen prensipal timoun nan.

GRATÈL AK LAFYÈW OSWA CHANJMAN NAN KONPÒTMAN: Yo pral eskli timoun nan jiskaske yon pwofesyonèl sante detèmine ke sentòm sa yo pa endike yon maladi kontajye.

JE WOZ: Yo eskli timoun nan imedyatman epi li ka retounen nan pwogram lan ak yon nòt medikal ki di: 1) ke timoun nan pa gen yon maladi transmisib oswa 2) Si dyagnostik la pozitif epi timoun nan te gen 24 èdtan nan tretman antibyotik.

LEZYON NAN PO NON-ESPEKIFIK: Yo eskli timoun nan jiskaske li gen yon nòt medikal ki endike dyagnostik la epi ki di ke li ka retounen nan pwogram lan.

SANTE AK NITRISYON TIMOUN

ENFEKSYON STREPTOKOSIK NAN GÒJ/LAFYÈV SKALATIN: Yo eskli timoun nan jiskaske li gen yon nòt medikal ki endike dyagnostik la, tretman antibyotik epi ki di ke timoun nan ka retounen nan pwogram lan.

VARISÈL: Yo eskli timoun nan jiskaske fòmasyon kwout kòmanse. Sa fèt anjeneral apeprè 6 jou apre gratèl la parèt. Yo dwe rapòte ka varisèl yo bay Komisyon Sante Piblik konpetan an. Yon nòt medikal obligatwa pou retounen nan pwogram lan.

LARIM Yo eskli timoun nan, sèlman si li pa kapab patisipe nan pwogram lan.

MENENJIT: Yo eskli timoun nan epi li ka retounen sèlman ak yon nòt medikal ki endike dyagnostik la epi ki di ke li ka retounen. Kèk kontak pral eskli. Ka menenjit yo pral rapòte bay Komisyon Sante Piblik konpetan an.

IMPETIGO (Enfeksyon po): Yo pral eskli yon timoun jiskaske li gen yon nòt medikal pou li retounen nan pwogram lan.

GAL: Yon timoun pral eskli jiskaske yo trete timoun nan epi li gen yon nòt medikal pou retounen nan pwogram lan.

KOKLICH: Yo pral eskli yon timoun jiskaske li gen yon nòt medikal ki endike dyagnostik la epi ki di ke timoun nan ka retounen nan pwogram lan. Ka kòklich yo pral rapòte bay Komisyon Sante Piblik konpetan an.

MALMOUTON: Yon timoun pral eskli jiskaske li gen yon nòt medikal ki endike dyagnostik la epi ki di ke timoun nan kapab retounen nan pwogram lan. Ka malmouton yo pral rapòte bay Komisyon Sante Piblik konpetan an.

SARANPYON: Yo pral eskli yon timoun jiskaske li gen yon nòt medikal ki endike dyagnostik la epi ki di ke timoun nan ka retounen nan pwogram lan. Ka Saranpyon yo pral rapòte bay Komisyon Sante Piblik konpetan an.

LAWOUJÒL: Yo pral eskli yon timoun jiskaske li gen yon nòt medikal ki endike dyagnostik la epi ki di ke timoun nan ka retounen nan pwogram lan. Ka lawoujòl yo pral rapòte bay Komisyon Sante Piblik konpetan an.

ÈPÈS SENPLÈKS (bouton lafyèv): Yo pral voye yon timoun lakay li si ti anpoul yo pa ka kouvri oswa si yo pa fè kwout. Yon nòt medikal obligatwa pou retounen nan pwogram lan.

EPATIT: Yo pral eskli yon timoun jiskaske li gen yon nòt medikal ki endike dyagnostik la epi ki di ke timoun nan ka retounen nan pwogram lan. Epatit la pral rapòte bay Komisyon Sante Piblik konpetan an.

TIBÈKILOZ: Yon timoun ki gen yon ka sispèk oswa konfime dwe eskli epi pral rapòte imedyatman bay Depatman Sante Piblik Massachusetts la. Timoun nan ka retounen sèlman ak yon nòt medikal ki endike dyagnostik la, tretman an epi ki di ke timoun nan ka retounen nan pwogram lan. Si yon timoun vwayaje andeyò Etazini pou yon mwa oswa plis, anvan li retounen nan salklas la, li dwe gen yon evalyasyon ajou pou risk TB.

Nitrisyon

EVALYASYON NITRISYONÈL POU TIMOUN LAJ PRESKOLÈ: Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an fè yon Evalyasyon Nitrisyonèl pou chak timoun. Evalyasyon sa a baze sou:

- Rezilta laboratwa (pou fè ak plon) kolekte pandan egzamen fizik chak timoun.
- Tès wotè ak pwa ki fèt de fwa pa ane nan pwogram timoun nan.

Baze sou evalyasyon sa a, paran yo pral resevwa enfòmasyon sou nitrisyon ak opòtinite pou rankontre ak nitrisyonis la pou diskite evalyasyon pitit yo a.

SANTE AK NITRISYON TIMOUN

EVALYASYON NITRISYONÈL POU TIBEBE AK TIMOUN PITI: Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an fè yon Evalyasyon Nitrisyonèl ak paran/gadyen an atravè yon entèvyou epi pral pran wotè ak pwa pitit ou a tou. Nan moman sa a, yo diskite orè alimantè aktyèl timoun nan epi Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an ka etabli yon plan repa apwopriye pou timoun nan. Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an pral bay paran an enfòmasyon nitrisyonèl nesèsè.

EVALYASYON NITRISYONÈL POU FANM ANSENT: Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an rankontre ak fanm ansent ki enskri nan Early Head Start. Pandan vizit sa a, yo evalye pwogram alimantè aktyèl manman an epi manman an pral resevwa tout enfòmasyon nitrisyonèl nesèsè. Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an pral pase tan ap pale ak manman an sou fason li pral bay tibebe li a manje: bay tete ak/oswa fòmil pou tibebe.

MODIFIKASYON REPA: Pèsonèl pwogram nan pral mande founisè swen prensipal timoun nan ranpli yon Deklarasyon Medikal lè timoun nan bezwen yon modifikasyon rejim alimantè epi yo pa ka bay yon altènatif otorize. Si yon alèji oswa yon lòt kondisyon ki mande yon chanjman nan rejim alimantè devlope pou yon timoun pandan ane lekòl la, yon Deklarasyon Medikal nesèsè pou timoun nan ka kontinye resevwa repa nan lekòl la. Deklarasyon Medikal la pa obligatwa pou preferans relijye oswa pèsonèl tankou vejetarism. Rezon pou modifikasyon rejim alimantè a enkli alèji oswa entolerans alimantè, modifikasyon teksti pou pwoblèm moulen oswa vale, oswa kondisyon medikal tankou dyabèt oswa PKU.

Founisè swen sante yon timoun dwe ranpli Deklarasyon Medikal la epi paran/gadyen an dwe retounen li nan sant lan anvan timoun nan ka chita pou yon repa. Si yon alèji alimantè oswa yon lòt kondisyon ki mande yon chanjman nan rejim alimantè devlope pou yon timoun pandan ane lekòl la, yon Deklarasyon Medikal nesèsè pou timoun nan kontinye resevwa repa yo nan lekòl la. Fòm Deklarasyon Medikal la pa nesèsè pou kwayans relijye oswa pèsonèl tankou vejetarism oswa modifikasyon rejim alimantè jeneral ki tonbe nan estanda nitrisyonèl CACFP yo.

USDA AK CACFP: Chak sant ABCD Head Start & Children's Services patisipe nan Pwogram Alimantasyon pou Timoun ak Adilt (CACFP) Depatman Agrikilti Etazini (USDA) ki administre pa Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts.

Manje yo ki sèvi dwe satisfè egzijans nitrisyonèl ke CACFP a etabli. Pou kapab patisipe, ABCD Head Start & Children's Services suiv direktiv CACFP yo ki mande pou Fòm Enskripsyon Timoun nan CACFP ranpli pa chak fanmi ki enskri, epi meni Pwogram nan satisfè egzijans Modèl Repa CACFP a. Meni Pwogram nan konfòm tou ak Gid Dyetik USDA yo dapre laj timoun nan. Yon deklarasyon medikal doktè w la nesèsè si restriksyon alimantè pitit ou a pa pèmèt yon sibstitisyon ki nitrisyonèlman ekivalan jan CACFP/USDA a egzije li a.

REPA AK TI GOUTE: Tout timoun resevwa repa nourisan planifye pa pèsonèl Sèvis Nitrisyon ak Alimantasyon eleman Sante a. Timoun yo resevwa manje maten, manje midi, ti goute, ansanm ak yon dezyèm ti goute si yo nan sant lan pou plis pase uit (8) èdtan. Lè repa yo konsidere kòm yon pati enpòtan nan kourikoulòm chak timoun.

Nan lè repa yo, timoun yo ak manm pèsonèl la chita ansanm pou yon repa nan yon Estil Familyal. Sa pèmèt timoun yo idantifye epi dekouvri nouvo manje, nouvo gou, ak nouvo meni. Timoun yo ka chwazi kantite manje yo vle genyen nan asyèt yo epi pratike bon mannyè atab ak nouvo konpetans ak men yo ak dwèt yo. Pwofesè yo chita ak timoun yo pandan lè repa yo pou edike yo sou manje ki nan repa yo, epi ankouraje yo pou yo eseye yon nouvo manje nourisan. Pandan timoun piti yo ap devlope, yo souvan bezwen ekspoze a yon nouvo manje 12-15 fwa anvan yo deside si yo renmen li.

Yo ofri manje ki gen anpil eleman nitritif, anpil vitamin, mineral ak fib epi ki pa gen anpil grès, sik oswa sèl. Manje tankou Hòt Dòg, boloni, soda, siwo, ak sirèt yo pa itilize akòz kontni nitrisyonèl yo ki a.

Manje tankou pòpkòn ak rezen antye pa sèvi bay tibebe ak timoun piti paske pafwa yo difisil pou manje; se poutèt sa, yo poze yon risk pou toufe.

SANTE AK NITRISYON TIMOUN

Tout manje yo founi sèlman pa ABCD Head Start & Children's Services. Repa sa yo prepare nan kuizin lisansye epi Pèsonèl Sèvis Alimantè a sètifye epi fòmè pou prepare repa pou timoun ki bezwen alimantasyon espesyal pou kondisyon medikal tankou alèji alimantè, entolerans, dyabèt ak reta nan kwasans. Manje ki soti andeyò sant lan pa otorize nan salklas yo.

Tibebe yo manje sou demann lè yo grangou. Tibebe a pral deside ki kantite li manje. Tibebe yo gen ti apeti, sitou lè yo kòmanse manje aliman solid. Yo gen dwa pa ka manje yon repa konplè yon sèl fwa. Tibebe ki pi piti yo (mwens ke 6 mwa) manje sou demann epi, konsa, yo pral manje lè sa nesèsè oswa chak 2 a 4 èdtan. Tibebe ki pi gran yo ka bezwen manje pi souvan pase sa rasyon an rekòmande a. Pa janm fòse tibebe yo fini yon bibwon oswa manje solid. Pou konfòme yo ak egzijans EEC konsènan sekirite nan chofe bibwon, sant yo pa ka itilize yon chodyè an fayans, aparèy menaje pou chofe bibwon oswa fou mikwo ond pou chofe bibwon tibebe yo. Si paran yo mande pou yo chofe bibwon tibebe a anvan li manje, yo ka kenbe bibwon an ak dlo tyèd anba tiyo oswa mete li nan yon veso ki gen dlo tiyo cho.

Tibebe ak timoun piti yo inisyè nan manje solid nan laj sis mwa oswa lè devlopman yo pèmèt li. Se sèlman apre Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an te konsilte paran (yo) epi detèmine ke manje solid ofri lakay yo se yon plan elabore.

ABCD Early Head Start sèvi fòmil ke USDA apwouve epi ofri tibebe yo sereyal ki gen anpil fè ak aliman apwopriye pou tout tibebe ki anba swen nou. Si w bay tibebe w la tete, pwogram lan ka ofri w yon espas ak resous ki nesèsè pou asire ke pitit ou a resevwa lèt tete w pandan li nan pwogram lan.

Yo ankouraje manman nouris yo pou yo bay tibebe yo tete. Pou ede manman k ap bay tete a, pèsonèl la pral:


- Pa bay tibebe a swa lèt tete swa fòmil pandan 1 èdtan a 1½ èdtan anvan retou pwograme manman an pou tibebe a ka pare pou li tete lè manman an rive.
- Ofri manman yo yon kote trankil pou yo bay tete.
- Sipòte manman yo atravè ankourajman vèbal.
- Prewa yon frijidè anndan oswa toupre salklas tibebe a pou ka byen konsève lèt manman an.

Yo bay paran yo meni chak mwa. Piske manje yo baze sou divèsite kiltirèl tout fanmi nou yo, kèk manje ka diferan de sa timoun yo resevwa lakay yo. Yo mande paran yo revize meni yo chak mwa epi pale ak Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an si yo gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.

MANJE LAKAY: Pou rezon sekirite, Commonwealth Massachusetts la egzije ke repa ki fèt pou timoun yo dwe prepare nan kuizin lisansye pa pèsonèl sètifye nan sekirite alimantè ak sanitasyon. Pou rezon sa a, tout manje dwe founi sèlman pa ABCD Head Start & Children's Services. Kuizin Pwogram nan pral prepare tout manje, ki enkli manje pou timoun ki gen rejim alimantè espesyal lè Deklarasyon Medikal pou Timoun ki gen Modifikasyon Rejim alimantè te ranpli pa pedyat oswa alèjis timoun nan. Paran yo pa gen dwa voye okenn manje oswa bwason pou timoun yo ki enkli manje pou fèt, favè, oswa kado pou selebrasyon tankou jou ferye, fèt anivèsè nesans oswa selebrasyon fen ane lekòl la. Chak salklas selebre anivèsè nesans mwa a ak yon aktivite espesyal si yo mande li.

IMAJ A: KALANDRIYE VIZIT MEDIKAL/EGZAMEN FIZIK POU TIMOUN

VIZIT MEDIKAL POU TIMOUN DWE FÈT:



IMAJ B: KALANDRIYE VAKSINASYON REKÒMANDE POU MOUN LAJ 0-18 AN

2023 Recommended Immunizations for Children from Birth Through 6 Years Old

VACCINE	Birth	1 MONTH	2 MONTHS	4 MONTHS	6 MONTHS	12 MONTHS	15 MONTHS	18 MONTHS	19-23 MONTHS	2-3 YEARS	4-6 YEARS
HepB Hepatitis B	HepB	HepB			HepB	HepB	HepB	HepB			
RV* Rotavirus			RV	RV	RV*						
DTaP Diphtheria, Pertussis, & Tetanus			DTaP	DTaP	DTaP		DTaP				DTaP
Hib* Haemophilus influenzae type b			Hib	Hib	Hib*	Hib					
PCV13, PCV15 Pneumococcal disease			PCV	PCV	PCV	PCV					
IPV Polio		IPV	IPV	IPV	IPV	IPV	IPV	IPV	IPV	IPV	IPV
COVID-19** Coronavirus disease 2019						COVID-19**	COVID-19**	COVID-19**	COVID-19**	COVID-19**	COVID-19**
Flu* Influenza						Flu (One or Two Doses Yearly)*	Flu (One or Two Doses Yearly)*	Flu (One or Two Doses Yearly)*	Flu (One or Two Doses Yearly)*	Flu (One or Two Doses Yearly)*	Flu (One or Two Doses Yearly)*
MMR Measles, Mumps, & Rubella						MMR					MMR
Varicella Chickenpox						Varicella					Varicella
HepA† Hepatitis A						HepA†		HepA†			

FOOTNOTES

RV* **Hib***
Administering a third dose at age 6 months depends on the brand of Hib or rotavirus vaccine used for previous dose.

COVID-19** Number of doses recommended depends on your child's age and type of COVID-19 vaccine used.

Flu* Two doses given at least 4 weeks apart are recommended for children age 6 months through 8 years of age who are getting an influenza (flu) vaccine for the first time and for some other children in this age group.

HepA† Two doses of Hep A vaccine are needed for lasting protection. The 2 doses should be given between age 12 and 23 months. Both doses should be separated by at least 6 months. Children 2 years and older who have not received 2 doses of Hep A should complete the series.

ADDITIONAL INFORMATION

1. If your child misses a shot recommended for their age, talk to your child's doctor as soon as possible to see when the missed shot can be given.

2. If your child has any medical conditions that put them at risk for infection (e.g., sickle cell, HIV infection, cochlear implants) or is traveling outside the United States, talk to your child's doctor about additional vaccines that they may need.

Talk with your child's doctor if you have questions about any shot recommended for your child.



U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

FOR MORE INFORMATION
Call toll-free: 1-800-CDC-INFO (1-800-232-4636)
Or visit: [cdc.gov/vaccines/parents](https://www.cdc.gov/vaccines/parents)



American Academy of Pediatrics
DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN™

RÈGLEMAN POU ADMINISTRASYON MEDIKAMAN

Yo ankouraje paran/oswa gadyen legal yo ak founisè swen prensipal yo pou yo òganize lè pou bay medikaman andeyò lè lekòl yo chak fwa sa posib. Si medikaman an dwe administre pa pèsonèl la, yon fòm Otorizasyon Medikaman dwe ranpli pou timoun nan, siyen pa doktè a ak paran/gadyen an, epi li dwe nan dosye pwogram lan pou pèsonèl Head Start la kapab administre medikaman an. Paran yo resevwa enstriksyon pou yo pote tout medikaman ki gen etikèt orijinal famasi yo. Medikaman sou preskripsyon soti lakay san etikèt famasi, tankou Benadryl, pa pral aksepte nan pwogram lan. Otorizasyon ekri paran ak pwofesyonèl sante lisansye valab pou yon ane, sof si yo retire li pi anvan epi li dwe renouvle chak ane, oswa lè kondisyon timoun nan chanje, pou administrasyon medikaman an ak/oswa tretman anka kontinye.

- Tout medikaman yo bay yon timoun, ki enkli men pa sèlman limite nan nenpòt tip medikaman nan bouch ak sou po dwe founi pa paran timoun nan. Tout medikaman dwe nan resipyan orijinal yo ak etikèt orijinal famasi yo kole sou yo. Medikaman pou po san Preskripsyon, sa yo ki pa bezwen yon etikèt famasi, pral make ak non timoun nan pa Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an anvan plasman li nan salklas la.
- Tout medikaman ki retounen nan pwogram nan dwe remèt bay pèsonèl la anvan yo pèmèt timoun nan patisipe nan pwogram lan, dirèkteman pa paran/gadyen an. Yo dwe pote tout nouvo medikaman ak tout dokimantasyon obligatwa ki ajou, nan pwogram lan anvan timoun nan rekòmanse/kòmanse sèvis yo. Yo dwe enfòmè Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an imedyatman lè yo pote medikaman nan pwogram nan epi fè yon enspeksyon vizyèl medikaman yo ansanm ak dokimantasyon ki vini ak yo pou verifye si yo kòrèk epi konplè. Si yon paran kite yon medikaman nan pwogram lan san yon fòm otorizasyon siyen pou medikaman an oswa san yon etikèt famasi, yo pral notifiye Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an epi yo pral voye medikaman an lakay paran an menm jou a.
- Premye dòz tout medikaman yo dwe administre pa paran/gadyen an lakay li. Edikatè a pa dwe administre okenn medikaman ki kontrè ak enstriksyon ki sou resipyan orijinal la, sof si gen otorizasyon ekri pwofesyonèl sante timoun nan.
- Pwogram yo ofri krèm pwotèj kont solèy pou timoun yo ki gen laj 6 mwa oswa plis. Yo pral bay tibebe/timoun piti a krèm pwotèj kont solèy ak pèmisyon ekri paran an. Yo pa pral kenbe krèm pwotèj kont solèy nan salklas la kote timoun yo ka rive epi yo pral aplike pa pèsonèl pwogram nan.
- Estanda Pèfòmans Head Start yo mande ke tout medikaman pou timoun ak pèsonèl/volontè yo dwe make epi estoke kote timoun yo pa ka rive epi mete nan frijidè si sa nesèsè. Medikaman sou preskripsyon ki mande refrijerasyon dwe estoke nan yon frijidè, ki pa aksesib pou timoun yo epi yo pral kenbe nan yon tanperati ant 38° F ak 42° F. Tout medikaman ijans tankou epinephrine oto-enjektè dwe disponib imedyatman pou itilizasyon jan sa nesèsè. Tout medikaman estoke nan Sak pou Medikaman an nan salklas la, kote timoun yo pa ka rive men yo aksesib pou pèsonèl la. Tout medikaman dwe estoke nan bon kondisyon ijyèn, prezèvasyon, ak sekirite.
- Tout medikaman (ak preskripsyon ak san preskripsyon) pral administre bay timoun nan pa Pwofesè a oswa moun ki deziyen an (manm pèsonèl ki byen fòmè). Chak moun ki bay yon timoun medikaman ak preskripsyon oswa medikaman san preskripsyon dwe resevwa fòmasyon pou verifye epi dokimante ke vrè timoun nan resevwa dòz medikaman kòrèk la ki deziyen pou timoun patikilye sa a epi administre nan lè ki kòrèk la (yo), epi ak metòd apwopriye (Senk Dwa pou Administrasyon Medikaman an).
- Chak moun ki administre medikaman (ki pa medikaman pou po) dwe resevwa fòmasyon epi dwe demontre konpetans nan administrasyon medikaman chak ane, anvan yo resevwa otorizasyon pou administre nenpòt medikaman. Pèsonèl konpetan an dwe kapab demontre teknik apwopriye pou administre, manipile ak estoke medikaman, ki enkli itilizasyon tout ekipman nesèsè pou administre medikaman.

RÈGLEMAN ADMINISTRASYON MEDIKAMAN

- Nenpòt lè yon timoun transfere nan yon nouvo salklas oswa yon pwofesè re-asiyen nan yon nouvo salklas, yo dwe enfòmè Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an pou asire ke tout pèsonèl ansèyman an konsyan epi fòmè pou pran swen bezwen sante patikilye timoun yo nan salklas yo, ki enkli men pa limite nan opresyon, alèji alimantè, oswa nenpòt restriksyon alimantè.
- Tout pèsonèl edikatif ki enkli moun ki pa administre medikaman, resevwa fòmasyon pou rekonèt efè segondè komen ak entèraksyon endezirab pami divès medikaman, ansanm ak efè segondè potansyèl medikaman espesifik ki administre nan pwogram lan.
- Chak fwa yo administre yon medikaman, pèsonèl la dwe dokimante nan jounal medikaman timoun nan non medikaman an, dòz la, lè a ak metòd administrasyon an, ak ki moun ki te administre medikaman an, eksepte pou medikaman po san preskripsyon, tankou krèm pwotèj kont solèy.
- Paran/Gadyen yo ankouraje pou yo patisipe aktivman nan swen pitit yo. Tout paran, ak pèmisyon ekri pwofesyonèl swen sante pitit yo a, envite pou yo fòmè pèsonèl edikatif la nan mete an aplikasyon plan swen sante endividyèl pitit yo.
- Ranvèsman, reyaksyon, ak refi pou pran medikaman yo pral note nan jounal medikaman an. Lè gen yon erè nan medikaman fèt, yo pral kontakte Sant Rejyonal la ak paran timoun nan imedyatman. Ensidan an pral dokimante nan dosye timoun nan nan etablisman an.
- Tout medikaman ak preskripsyon ki pa itilize, ki sispann oswa ekspire pral retounen bay paran/gadyen an epi dwe dokimante nan dosye timoun nan.
- Tout medikaman dwe admin istrenan konfòmite ak egzijans konsantman an ak dokimantasyon presize nan tablo ki anba a. Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an pral disponib pou reponn kesyon sou Règleman Administrasyon Medikaman an.
- Si gen plis pase yon medikaman ki preskri pou yon timoun, Fòm Otorizasyon Medikaman yo obligatwa pou chak medikaman ak Plan Swen Sante Endividyèl oswa Plan Aksyon pou chak kondisyon medikal

EGZIJANS SIPLEMANTÈ POU MEDIKAMAN:

- Medikaman ijans tankou Epi-Pens dwe disponib imedyatman pou itilizasyon. Pa egzanp, Epi-Pens dwe mache ak timoun yo pandan jwèt deyò oswa pwomnad jan atik 7.11(2)(f) egzije li a. Yon fòmasyon dispansè pa yon pwofesyonèl sante lisansye pou administrasyon espesifik yon Epi-Pen rekòmande anpil, men li pa obligatwa.
- Chak pwogram dwe genyen espas pou ponp opresyon espasè/chanm inalasyon siplemantè sou plas epi ki disponib nan ka kote youn ta pèdi, domaje oswa vin sal. Espasè/chanm inalasyon yo dwe make ak non yon timoun epi estoke ak medikaman yo.
- Tout pèsonèl la pral respekte dat ekspirasyon ki sou etikèt famasi medikaman an. Dat ekspirasyon an se pral 12 mwa apati dat yo te ranpli preskripsyon an. Si etikèt famasi a di "wè dat ekspirasyon manifakti a", pèsonèl la pral toujou respekte 12 mwa yo apati dat yo te ranpli preskripsyon an.
- Medikaman ki ekspire: Medikaman pa itilize pase dat ekspirasyon an. Paran/Gadyen dwe pote medikaman ki ajou anvan dat medikaman an ekspire a. Si yo pa pote medikaman ki ajou, yo pral rele Paran/Gadyen an pou vini nan pwogram lan pou administre medikaman an oswa yo pral rele 911 nan ka ijans.
- Nan konfòmite ak Lwa sou Famasi Massachusetts 722.060, 722.070, yo pral aksepte medikaman jenerik, paske Famasyon yo ka ranpli medikaman preskri yo nan itilize yon ekivalan jenerik medikaman preskri a, sof si doktè ki te preskri li a presize ke "pa itilize ranplasman".

Responsab Sèvis Sante ak Nitrisyon an disponib si w gen nenpòt kesyon konsènan règleman Administrasyon Medikaman an.

RÈGLEMAN ADMINISTRASYON MEDIKAMAN

Tip Medikaman	Konsantman Parantal Ekri Obligatwa	Konsantman Doktè Ekri Obligatwa	Etikèt Famasyen Obligatwa	Ekri nan Jounal Obligatwa
Preskripsyon	Wi, valab pou yon ane kalandriye.	Wi, valab pou yon ane kalandriye.	Wi	Wi, apre chak administrasyon
Nan bouch san Preskripsyon	Wi, renouvle chak semèn ak dòz, orè, jou ak objektif	Wi, valab pou yon ane kalandriye.	Wi	Wi, apre chak administrasyon
Medikaman san preskripsyon ki pa t prevwa pou sentòm modere (pa egzanp, ibipwofèn, asetaminofèn, antihistamin)	Wi, valab pou yon ane kalandriye.	Wi, valab pou yon ane kalandriye.	Wi	Wi, apre chak administrasyon
Sou po san Preskripsyon pou tretman (lè yo aplike sou blesi ouvè oswa po abime, pa egzanp, yon pomad pou gratèl kouchèt)	Wi, valab pou yon ane kalandriye.	Wi, valab pou yon ane kalandriye.	Wi	Wi, apre chak administrasyon
Sou po san Preskripsyon (pa aplike sou blesi ouvè oswa po abime, pa egzanp, krèm pwotèj kont solèy, pwodui pou repouse ensèk)	Wi, valab pou yon ane kalandriye.	Non	Non	Non

LÈ NOU LOUVRI

Chak sant fikse orè yo baze sou bezwen kominote a. Tout salklas ABCD Head Start & Children's Services yo louvri pou timoun yo yon pandan omwen 6 èdtan epi anpil salklas fonksyone jiska 10 èdtan pa jou pou timoun ki gen yon plas gadri sibvansyone. Nan sikonstans eksepsyonèl yo, salklas yo ka bezwen fonksyone nan yon kantite lè redui pa jou pou asire sante ak sekirite timoun yo ak pèsònèl la, pou yon dire limite. Chak salklas afiche yon kopi orè kotidyen an

Paran yo dwe mennen pitit yo nan sant lan lè salklas la louvri. Rive an reta vle di ke timoun nan pèdi aktivite enpòtan ki kòmanse chak jou. Li obligatwa tou pou vin chèche timoun yo alè, pa pita ke lè ki afiche nan orè kotidyen an. Li obligatwa ke paran yo respekte tout konsiy sekirite ki te idantifye yo lè yo ap antre nan sant lan.

SISTÈM NOTIFIKASYON IJANS: Nan ka ta gen yon ijans (tankou move tan) ABCD Head Start & Children's Services itilize sistèm SchoolMessenger pou alète paran ak gadyen yo. SchoolMessenger pral voye bay paran/gadyen (yo) yon apèl telefònik otomatize oswa yon mesaj tèks ak enfòmasyon ki enpòtan. **Apres enskripsyon, ou pral resevwa yon mesaj tèks oswa yon imel SchoolMessenger, ki envite w "aksepte" resevwa notifikasyon ijans. Pou ka resevwa notifikasyon ijans sa yo, ou dwe aksepte "patisipe" nan sèvis la.** Tanpri enfòmè pèsònèl pwogram nan si nimewo telefòn ou (yo) oswa adrès imel ou chanje pou nou ka gen enfòmasyon ki pi ajou nan dosye nou yo.

RÈGLEMAN SOU TAN: Nan ka move tan, yo pral afiche yon mesaj sou telefòn chak sant endividyèlman. Tanpri rele Liy Ijans Meteyo sant endividyèl ou a pou konnen si lekòl la pral louvri si gen move tan.

Tanpri gade nan kalandriye ki nan dènye paj la pou jwenn yon lis dat fèmte pwogram yo.



RÈGLEMEN SOU DEPOZE/VIN CHÈCHE

JENERAL:

- Tout sant yo gen orè espesifik pou tip pwogram ak salklas yo.
- Paran yo dwe mete ajou Fòm Plan Rive ak Soti a (ki nan Manyèl Paran an) ki endike plan rive ak soti yo pou chak timoun. Chak timoun dwe genyen adilt ke nou ka kontakte, ki enplike nan lis Plan Transpò Endividyèl la ki otorize pou vin chèche yon timoun. Paran yo dwe fè Pòtpawòl Fanmi yo konnen nenpòt chanjman fiti nan enfòmasyon kontak ijans pou yo menm ak/oswa pa moun pou kontakte nan ka ijans yo.
- Fanmi yo dwe kenbe ajou enfòmasyon kontak yo ak pèsònèl pwogram yo, ki enkli moun pou kontakte nan ka ijans yo.
- Pèsònèl pwogram yo dwe kenbe ajou tout enfòmasyon kontak fanmi ak adilt ki enplike yo nan baz done Myheadstart.com lan.
- Chofè nenpòt veyikil ki transpòte timoun nan yon pwogram ABCD dwe respekte Lwa Anti-Idling Massachusetts la pandan yo nan espas la. Lwa sa a limite motè k ap mache san nesosite eksepte nan ka tankou chalè ekstrèm oswa fredri.

DEPOZE AK SIYEN:

- Lè yo rive, paran/gadyen oswa lòt moun k ap depoze yon timoun dwe ale nan zòn deziyen an pou fè sa.
 - Paran yo dwe suiv enstriksyon espesifik ke pèsònèl pwogram lan ba yo. Yon fwa endikatè sante piblik yo amelyore, nou pral retounen nan pwosedi tipik pou depoze nan salklas nou an.
 - Okenn timoun pa dwe depoze nan yon lakou rekreyasyon kominotè, pakin, koulwa, salklas vid, elatriye. Si w rive lè klas la te kite salklas la, ou dwe tann ak pitit ou a jiskaske klas la retounen, sof si lòt aranjman apwouve te fèt davans ak Direktè Sant lan.
- Paran/gadyen ak lòt moun k ap depoze yo dwe ranpli Fich Siyen pou Antre/Siyen pou Soti Dijital Kotidyen an ke pèsònèl nan zòn depoze yo bay anvan pou kite pwogram nan.
- Paran/Gadyen yo dwe limite kantite bagay pèsònèl yon timoun pote ak li nan pwogram lan. Atik pou konfò tankou doudou, kouvèti, ak lòt bagay dou yo pote nan gadri a soti lakay yon timoun otorize, men yo pa pral pataje ant timoun yo epi yo pral toujou kenbe an sekirite lè timoun nan pa itilize yo.
- Si yon timoun gen yon randevou nan klinik lan, elatriye epi paran/gadyen an te enfòme pèsònèl la davans, yo pa pral konsidere timoun nan an reta.
- Si yon timoun pral an reta pou lekòl, fanmi an dwe avèti pèsònèl pwogram nan omwen demi èdtan anvan klas yo kòmanse. Reta konstan san notifikasyon davans bay sant/pwogram nan pral trete ak paran yo sou yon baz ka pa ka.

RÈGLEMAN SOU DEPOZE/VIN CHÈCHE

VIN CHÈCHE AK SIYEN:

- Lè yo rive, paran/gadyen ak lòt moun ki otorize pou vin chèche yon timoun dwe ale nan zòn vin chèche ki te deziyen pou sa.
 - Paran yo ta dwe suiv enstriksyon espesifik pou vin chèche ke pèsònèl pwogram lan ba yo. Yon fwa endikatè sante piblik yo amelyore, nou pral retounen nan pwosedi tipik pou vin chèche nan pwogram nou an.
- Paran/gadyen ak lòt moun otorize k ap vin chèche yon timoun dwe ranpli Fich Siyen pou Antre/Siyen pou Soti Dijital Kotidyen an ke pèsònèl la te ba yo.
- Paran/gadyen ak lòt moun otorize dwe vin chèche pitit yo a alè chak jou. Paran/Gadyen yo dwe rele sant lan pou fè pèsònèl a konnen lè yo pral an reta pou vin chèche yon timoun.
- Reta konstan nan vin chèche se yon pwoblèm ki grav anpil. Direktè Sant lan pral suiv reta yo epi adrese yo nan kolaborasyon ak lòt pèsònèl konsène a. Paran/gadyen ki an reta souvan pou vin chèche pitit yo pral oblije rankontre ak pèsònèl la pou rezoud pwoblèm nan ak yon plan ekri pou evite ke sa pa fèt ankò.
- Si pa gen dispozisyon apwopriye ki pran pou vin chèche timoun nan Pwogram lan alè, yo ka rapòte sa bay Depatman Timoun ak Fanmi oswa lapolis lokal la.
- Yon idantite ak foto obligatwa pou vin chèche lè moun nan pa nan lis la oswa pèsònèl la pa konnen li.
- Nou pa lage okenn timoun nan lekòl preskolè nan men nenpòt moun ki pa t deziyen alekri pa paran an (oswa ak dokiman legal si sa nesèsè) ki gen mwens ke katòz (14) an.
- Nou pa lage okenn tibebe oswa timoun piti nan men nenpòt moun ki pa t deziyen alekri pa paran an (oswa ak dokiman legal si sa nesèsè) Nan tout sikonstans yo, moun k ap vin chèche timoun nan dwe se yon adilt oswa paran timoun nan.
- Yon dokiman legal (egzanp yon òdonans restriksyon, dokiman gadri) nesèsè pou anpeche paran yon timoun vin chèche timoun nan.
- Nou pa lage okenn timoun bay nenpòt moun ki sou oswa ki otreman enkapab jiskaske ta gen dout sou sekirite timoun nan. Lè gen yon pwoblèm ak kondisyon moun ki vin chèche yon timoun, yo pral rele youn nan kontak ijans yo.
- Si yo pa vin chèche yon timoun nan fen klas la epi nou pa resewa okenn mesaj nan men paran an, yo rele yon moun nan lis kontak ijans lan pou vin chèche timoun nan.

SÈVIS GADRI, FRÈ PARANTAL AK RÈGLEMAN PEMAN

Sèvis gadri disponib nan anpil sant gadri ABCD pou paran ki gen timoun ki bezwen swen apre orè Head Start oswa Early Head Start pou yon pati nan jounen an epi pandan vakans ak pandan ete lè Head Start fèmen.

Yon frè parantal egzijib pou enskripsyon nan tout sèvis gadri yo anvan ak/oswa apre jounen Head Start oswa Early Head Start la, oswa pou plas jounen konplè EEC. Tout frè parantal yo baze sou revni fwaye a ki lye ak yon echèl mobil devlope pa Depatman Edikasyon ak Swen Prekòs Massachusetts la. Paran yo li, siyen, epi dwe respekte egzijans ki endike nan dokiman Sibvansyon EEC yo, ki enkli egzijans ke yon paran dwe rapòte nenpòt chanjman nan sikonstans (chanjman sitiyasyon travay, revni, elatriye) ki ka afekte kalifikasyon yo oswa frè yo.

FRÈ PARANTAL INISYAL: Paran yo responsab pou de peman frè parantal chak semèn anvan yo kòmanse sèvis jounen atan plen yo. Peman sa yo se pou sèvis ki bay nan premye semèn gadri a ak dènye semèn gadri a.

PEMAN CHAK SEMÈN: Frè yo dwe peye davans pou semèn nan (oswa mwa a) epi yo dwe peye pa pita ke premye jou ouvrab nan semèn nan (oswa mwa a) kote yo bay swen an. Frè parantal apwopriye a peye pou chak jou gadri a disponib pou timoun nan. Sa enkli jou ferye apwouve yo, fèmti apwouve yo ak absans yon timoun akòz maladi ak/oswa vakans (jiska yon maksimòm de semèn pa ane). Lè gadri pa disponib akòz fèmti ijans paran yo dwe peye tou frè parantal yo pou de jou pou chak evènman (inondasyon, pa gen chofaj, elatriye). Yon lis fèmti apwouve yo disponib nan paj 38 la epi yo afiche nan chak Sant.

PA PEYE FRÈ: Sèvis gadri pou timoun pral sispann si frè yo pa peye ak/oswa peman yo an reta. Chak sant depann de frè parantal yo pou ede peye pèsonèl la epi bay timoun ak fanmi yo bon jan kalite sèvis; Se poutèt sa, pa fè peman pa akseptab. Si yon fanmi pa peye frè ki nesèsè yo, yo ka sispann timoun nan nan sèvis gadri a nan konfòmite ak pwosesis anba a:

- Lèt Avètisman pou Sispannyon — Yo pral voye yon lèt bay fanmi an ak yon bòdwo pou montan ki dwe a apre peman pa fèt.
- Reyinyon ak Pèsonèl Sant lan — fanmi an pral bezwen diskite pwoblèm nan ak pèsonèl Sant lan epi swa li peye tout lajan an swa li etabli yon plan pou peye balans ki pa peye a. Yon fòm "Sispannyon/ Rediksyon Asistans Finansye pou gadri pral remèt nan reyinyon sa a. Fòm sa a bay paran an yon avi de semèn pou sispannyon nan gadri a si frè yo pa peye.
- Si Plan an pa Respekte — si w pa respekte plan peman an, sa pral abouti nan sispannyon sèvis gadri yo nan dat ki endike nan avi a. Yo pa pral sispann timoun nan nan Head Start/Early Head Start, sepandan yo ka tranzisyon nan yon lòt salklas.

SÈVIS GADRI, FRÈ PARANTAL AK RÈGLEMAN PEMAN

Evite Sispansyon nan Pwogram lan

SISPANSYON: Sant gadri ABCD yo rekonèt ke sispansyon nan yon pwogram se yon bagay ki difisil pou paran ak timoun yo. Nan sikonstans ki ra sa yo, lè li nesèsè pou mete fen nan patisipasyon yon timoun nan pwogram lan, tout efò fèt pou ede ak tranzisyon sa a.

***Sispansyon nan pwogram Head Start ak Early Head Start yo** ka rive si finansman pwogram lan redui.*

Sispansyon nan Sèvis Gadri Timoun pral fèt akòz twòp absans ak/oswa pa peye frè yo, oswa si fanmi an pa kalifye ankò dapre direktiv sous finansman oswa si finansman pou plas gadri yo te redui. Yo pa pral sispansyon timoun nan nan Head Start/Early Head Start, sepandan yo ka tranzisyon nan yon lòt salklas.

Sispansyon akòz sekirite pral fèt sèlman yon fwa ke pwogram nan te eksplòre tout etap posib pou sipòte yon timoun. Objektif final chak pwogram se ofri chak timoun yon eksperyans salklas reyisi. Si nenpòt lè konpòtman yon timoun parèt yon danje pou li menm oswa lòt moun, entèvansyon espesifik mete an plas anba sipèvizyon biwo Santral la. Sa yo ka enkli, men pa limite nan, referans pou sèvis sipò sipleman, pèsònèl sipleman nan salklas, konsiltasyon ak Espesyalis nan Sante Mantal la ak yon plan ant paran ak pèsònèl la pou kenbe sekirite timoun nan nan salklas la. Se sèlman apre yo fin eseye estrateji sa yo epi yo revele ke yo pa reyisi, ke yo konsidere yon sispansyon. Nan ka ki ra yo kote sispansyon akòz sekirite rive, pwogram lan pral fasilite tranzisyon timoun nan nan yon plasman ki pi apwopriye.

Sispansyon akòz konpòtman Paran/Gadyen: Yo pral sispansyon yon timoun lè yo jije ke konpòtman yon paran pa apwopriye, menasan oswa mete sekirite pèsònèl la ak lòt timoun an danje. Wè Kòd Konduit la.

Yo bay fanmi yo tout opòtinite pou yo travay ak pwogram lan pou evite sispansyon an. Enfòmasyon ki lye ak sispansyon bay alafwa vèbalman ak alekri. Lè yon sispansyon rive, pwogram lan fè tout efò posib pou bay timoun nan yon tranzisyon pozitif, tankou pèmèt timoun nan di orevwa ak zanmi ak edikatè li yo. Pèsònèl la pral fè referans tou bay lòt sèvis gadri epi ede yo jwenn gadri jan sa nesèsè.

BYENVINI!

KALANDRIYE 2024 - 2025

Dat Fèmti	Deskripsyon	Pwogram Fèmen
Dat Fèmti Lekòl pou ane 2024		
2/9/2024	Jou Ferye - (Fèt Travay)	Tout Pwogram Fèmen
9/9/2024	Premye Jounen Konplè Head Start ak BPS-UPK	Tout Pwogram Louvri
14/10/2024	Jou Ferye - Jounen Pèp Endijèn yo	Tout Pwogram Fèmen
21/10/2024	Jounen Devlopman Pwofesyonèl	Tout Pwogram Fèmen
11/11/2024	Jou Ferye - Fèt Veteran	Tout Pwogram Fèmen
18/11/2024	Jounen Devlopman Pwofesyonèl	Tout Pwogram Fèmen
28/11/2024 - 29/11/2024	Jou Ferye - Fèt Thanksgiving	Tout Pwogram Fèmen
09/12/24	Jounen Devlopman Pwofesyonèl	Tout Pwogram Fèmen
25/12/2024	Jou Ferye - Fèt Nwèl (Obsève)	Tout Pwogram Fèmen
26/12/2024 - 31/12/2024	Konje Administratif (Head Start Sèlman)	Tout Pwogram Fèmen

KALANDRIYE 2024 - 2025

Dat Fèmti	Deskripsyon	Pwogram Fèmen
Dat Fèmenti Lekòl pou ane 2025		
1/1/2025	Jou Ferye - 1e Janvyè (Obsève)	Tout Pwogram Fèmen
13/1/2025	Jounen Devlopman Pwofesyonèl	Tout Pwogram Fèmen
20/1/2025	Jou Ferye - Anivèsè Martin Luther King	Tout Pwogram Fèmen
17/2/2025	Jou Ferye - Fèt Prezidan	Tout Pwogram Fèmen
18/2/2025 - 20/2/2025	Semèn Devlopman Pwofesyonèl (Head Start & Early Head Start)	Early Head Start & Head Start FÈMEN Tout Salklas Jounen Pwolonje Louvri
21/2/2025	Jounen Devlopman Pwofesyonèl Pèsonèl Citywide	Tout Pwogram Fèmen
10/3/2025	Jounen Devlopman Pwofesyonèl nan Edikasyon	Early Head Start & Head Start FÈMEN Tout Salklas Jounen Pwolonje LOUVRI
21/4/2025	Jou Ferye - Fèt Patriyòt	Tout Pwogram Fèmen
22/4/2025 - 24/4/2025	Konje Administratif (Head Start) ak Jounen Devlopman Pwofesyonèl (Early Head Start)	Early Head Start & Head Start FÈMEN Tout Salklas Jounen Pwolonje LOUVRI
25/4/25	Jounen Devlopman Pwofesyonèl Pèsonèl Citywide	Tout Pwogram Fèmen
26/5/2025	Jou Ferye - Jounen Memoryal	Tout Pwogram Fèmen
6/6/2025	Fwa Anyèl Resous pou Fanmi	Tout Pwogram nan Boston Common
13/6/2025	Dènye jou Head Start & BPS-UPK	Head Start & BPS-UPK SÈLMAN
19/6/2025	Jou Ferye- Juneteenth	Tout Pwogram Fèmen
4/7/2025	Jou Ferye - Fèt Endepandans	Tout Pwogram Fèmen
5/8/2025 - 6/8/2025	Jounen Devlopman Pwofesyonèl Pèsonèl Citywide	Tout Pwogram Fèmen
7/8/2024 - 8/8/2024	Òganizasyon salklas ak vizit lakay (Early Head Start sèlman)	Early Head Start FÈMEN Tout Salklas Jounen Pwolonje LOUVRI

DEKLARASYON SOU NON-DISKRIMINASYON

Tout ajans edikatif lokal yo (LEAs) ak òganizasyon Patwonaj yo (SOs) ki patisipe nan Pwogram Nitrisyon Timoun (CNPs) finanse pa gouvènman federal la dwe afiche deklarasyon anba a sou non-diskriminasyon epi mete li, an antye, sou tout materyèl konsènan CNP yo ki pwodui pou enfòmasyon piblik, edikasyon piblik, oswa distribisyon piblik. Deklarasyon otorize ki atache nan Anèks A a pa ka modifiye. Si yon ajans lokal otorize yon lang siplemantè, li dwe mete li nan yon deklarasyon apa. Yo dwe bay deklarasyon an nan lang angle ak panyòl lè odyans sible a gen moun ki pale panyòl.

- **Objektif deklarasyon an:** Deklarasyon sa a enfòmè tout moun ki antre an kontak ak CNP yo ke ajans USDA, biwo, pèsonèl la, ak enstitisyon ki patisipe nan pwogram USDA yo entèdi pou yo fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, andikap, oswa laj. Enkli pwosesis depoze yon plent pou diskriminasyon nan kad yon pwogram si youn ta rive.
- **Aksyon Obligatwa:** Revize dokiman w yo ak kominikasyon piblik yo chak ane pou asire ke yo genyen vèsyon otorize ki pi resan deklarasyon sou non-diskriminasyon an. Vèsyon ki pi resan an pral disponib pou referans: <https://www.doe.mass.edu/cnp/civilrights/>.

LEA/SO yo ki jere Pwogram Swen Alimantè Timoun ak Adilt la, oswa Pwogram Sèvis Alimantè Ete a dwe kontakte konsiltan pwogram yo a pou jwenn yon lis dokiman ki konsène tip pwogram ou an.

- **Paj Wèb:** Sit wèb ke ajans lokal yo itilize pou enfòmè piblik la sou CNP yo dwe genyen deklarasyon sou non-diskriminasyon an. Li pa obligatwa pou mete deklarasyon sou non-diskriminasyon an sou chak paj sit wèb enfòmasyon pwogram lan. Pou pi piti, deklarasyon sou non-diskriminasyon an, oswa yon lyen pou li, dwe mete sou paj akèy enfòmasyon pwogram nan.
- **Ti Materyèl:** Si materyèl la twò piti pou pèmèt yo enkli tout deklarasyon an, materyèl la pral enkli pou pi piti deklarasyon an, an lèt detache ki pa pi piti ke tèks la ke "Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egal." Deklarasyon sou non-diskriminasyon an pa oblije ekri sou atik tankou tas, bouton, leman, ak plim ki idantifye pwogram lan, lè gwosè a oswa konfigirasyon an rann li enposib.
- **Radyo/Televizyon:** Anplis, nan rekonèt ke anons sèvis piblik sou Entènèt, radyo, ak televizyon yo jeneralman kout nan dire, deklarasyon sou non-diskriminasyon an pa oblije li an antye. Olye de sa, yon deklarasyon tankou "[Non pwogram lan] se yon founisè opòtinite egal" ase pou satisfè egzijans pou non-diskriminasyon an.

Si w gen kesyon sou fason pou entegre deklarasyon sou non diskriminasyon an nan materyèl CNP ou yo, tanpri kontakte FNP DESE nan Nutrition@doe.mass.edu ak nan 781-338-6480.

ANÈKS A: DEKLARASYON SOU NON-DISKRIMINASYON

Nan konfòmite ak lwa federal sou dwa sivil ak règlemantasyon ak politik Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki enkli idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil anvan yo.

Enfòmasyon sou pwogram lan ka disponib nan lòt lang ki pa Angle. Moun andikape ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram lan (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), dwe kontakte ajans etatik oswa lokal responsab la ki administre pwogram lan oswa USDA TARGET Center nan (202) 720-2600 (vokal ak TTY) oswa kontakte USDA atravè Sèvis Federal Relay a nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon ki lye ak yon pwogram, yon plenyon dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Fòm pou plent sou diskriminasyon ki lye ak yon pwogram USDA, ki disponib anliy nan: <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/USDA-OASCR.%20P-Complaint-Form-0508-0002-508-11-28-17Fax2Mail.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, nan rele (866) 632-9992, oswa nan ekri yon lèt ki adrese bay USDA. Lèt la dwe genyen non plenyon an, adrès li, nimewo telefòn li, ak yon deskripsyon ekri swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòmè Asistan Sekretè nan Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa sivil. Fòm nan oswa lèt la AD-3027 konplete a dwe soumèt bay USDA pa:

DEKLARASYON SOU NON-DISKRIMINASYON

1. lapòs:

U.S. Department of Agriculture (Depatman Agrikilti Etazini)
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights (Biwo Asistan Sekretè nan Dwa Sivil la)
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410; or

2. faks:

(833) 256-1665 or (202) 690-7442; oswa

3. imel:

program.intake@usda.gov

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egal.

ANÈKS A: NONDISCRIMINATION STATEMENT- SPANISH

Para todos los demás programas de asistencia de nutrición del FNS, agencias estatales o locales y sus subreceptores, deben publicar la siguiente Declaración de No Discriminación:

De acuerdo con la ley federal de derechos civiles y las normas y políticas de derechos civiles del Departamento de Agricultura de los Estados Unidos (USDA), esta entidad está prohibida de discriminar por motivos de raza, color, origen nacional, sexo (incluyendo identidad de género y orientación sexual), discapacidad, edad, o represalia o retorsión por actividades previas de derechos civiles.

La información sobre el programa puede estar disponible en otros idiomas que no sean el inglés. Las personas con discapacidades que requieren medios alternos de comunicación para obtener la información del programa (por ejemplo, Braille, letra grande, cinta de audio, lenguaje de señas americano (ASL), etc.) deben comunicarse con la agencia local o estatal responsable de administrar el programa o con el Centro TARGET del USDA al (202) 720-2600 (voz y TTY) o comuníquese con el USDA a través del Servicio Federal de Retransmisión al (800) 877-8339.

Para presentar una queja por discriminación en el programa, el reclamante debe llenar un formulario AD-3027, formulario de queja por discriminación en el programa del USDA, el cual puede obtenerse en línea en: <https://www.fns.usda.gov/sites/default/files/resource-files/usda-program-discrimination-complaint-form-spanish.pdf>, de cualquier oficina de USDA, llamando al (866) 632-9992, o escribiendo una carta dirigida a USDA. La carta debe contener el nombre del demandante, la dirección, el número de teléfono y una descripción escrita de la acción discriminatoria alegada con suficiente detalle para informar al Subsecretario de Derechos Civiles (ASCR) sobre la naturaleza y fecha de una presunta violación de derechos civiles. El formulario AD-3027 completado o la carta debe presentarse a USDA por:

(1) correo:

U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights (Biwo Asistan Sekretè nan Dwa Sivil la)
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410; or

(2) fax:

(833)256-1665 o (202) 690-7442; o

(3) correo electrónico:

program.intake@usda.gov

Esta entidad es un proveedor que brinda igualdad de oportunidades.



**HEAD START &
CHILDREN'S SERVICES**

bostonheadstart.org | headstart@bostonabcd.org | 617.348.6272